ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№99 (21.007) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ●

adyghepsale.ru
adyghe@mail.ru

ЦІыхухэр нэщхъейт икІи псалъэмакъыншэт

●Фэеплъ махуэ

Илъэси 143-рэ и пэкІэ накъыгъэм и 21-м ихуащ илъэсищэкІэ екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэр. Дыгъуасэ Налшык щыІэзэхэтащ абы ихьахэр ягу къыщагъэкІыж щыгъуэ зэхуэс.

А ЗАУЭМ хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъым дежь удэ гъэгъахэмрэ адыгэ ныП щхъуантІэхэмрэ зыІыгъ цІыху куэд къыщыІэзэхуэсат. Ахэр нэщхъейт икІи псалъэмакъыншэт, къыщІыІэзэхуэсам и щхьэусыгъуэр къызыгурымыІуэ ихэттэкъым. Истамбылакіуэм теухуауэ цІыхубэм иуса уэрэдыжьхэм я макъамэ гущІыхьэр къэІурт.

ПэкІуэм зыкъраГъэхьэлІащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ищэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, Правительствэмрэ Парламентымрэ хэтхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъщэнхабзэ центрхэм я лІыкІуэхэр, цІыхубэ интеллигенцэр, щІалэгъуалэр, школакІуэхэр. Фэеплъ сыным удз гъэгъа матэхэр къраГъэувэкІа нэужь, а зауэм хэкІуэдахэм папщІэ дыуэ яригъэщІащ муфтий **ЩыхьэщІэ Іэнас.**

Къыхэгъэщыпхэщ, адрей гъэхэм фэеплъ махуэр зэрекІуэкІ хабзэм къыщхьэщыкІыу дыгъуасэрей пэкІум зыри къызэрыщымыпсэлъар. Ар икІи нэхъыфІу къыщІэкІынщ. «Псалъэшхэу Тхьэшхэу и жагъуэщ» жаІэ, мыбдеж дэтхэнэ псалъэри фэрыщІ-гущІыІэ хъункІэ зыхуэІуа щыІэтэхъым. Псоми зэхуэдэ Іэмалу яІар щхьэж и Іуэху еплъыкІэ и гум иригъэлъыжынырти, апхуэдэ псалъэмакъыншагъэм пэкІур нэхъри гущІыхьэ ищІащ.

А махуэм сыхьэт пщыкІутІым ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым щагъэлъэгъуащ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестым УФ-мрэ Абхъаз Республикэмрэ гъэзэджэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, режиссер Фырэ Руслан къытриІыкІа спектаклыр. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Адыгэ театрым и репертуарым илъэс куэдкІэ хэмытауэ мы спектаклыр щІэрыщІэу ягъэувыжауэ щытат Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 140-рэ щрикъуа гъэм.

УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэу Мысостышхуэ Пщыхьэбий, Шыбзыхъуэ Басир, ЖьакІэмыхъу КІунэ, Балъкъыз Валерэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу КІэмыргуей Валентин, Хъыдзэдж Борис, Лу Рэмзэан сымэ, театрым и артист пажэ гупыр, Гъуазджэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и гъэсэнхэр щыджэгуа «Уафэгъуагъуэ макъыр» теухуат зауэ-банэкІэ Хэкур зрагъэбгына адыгэхэмрэ абыхэм къапэщІэта урыс пащтыхьыдзэмрэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэпхуэ зыхуэзфІэкІахэм фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министр **Тут Заур**. Абы къыхигъэщащ Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэдахэр дигу кьыщыдгъэкІыж махуэ дызэриІэм къыдэкІуэу, Адыгэхэм я зэкъуэтныгъэм и махуэ диІэн зэрыхуейм теухуауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхухэм къыхалъхьа Іуэху еплъыкІэр зэрадиІыгъыр.

ТЕМЫР Лацэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Мамырыгъэмрэ дахэпхъымрэ къыхуэгъэзэну

Кэнжэ къуажэм дэт 22-нэ курыт щколым Адыгэхэм я фэеплъ махуэр гукъинэжу щрагъэкІуэкІащ.

ШКОЛЫМ адыгэбзэмкІэ щезыгъаджэхэу Бекъул Маритэ, ЖьакІэмыхъу Марьят, Хьэмырокуэ Сэлихэт сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Зкъэзэплъыжь Исъмэ и нэІэ щІэту, къызэрагъэпэщащ зэІущІэм ираГъэблэгъат пщІэ зыхуащІ, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта ЛІуп Къэралбий, лэжьыгъэм и ветеранхэу Бекъул Назир, Къэзанщ Хьэсэнбий, итлъэс зэхуэмыдэхэм школыр къэзыухахэр, адэанэхэр.

Егугъу ягъэхъезыра уэсэхмрэ макъамэхмрэ гум хьІхьэрт, уэрэд зэмылІэужьыгъуэхэр, ди лъэпкъ лажьэншэм и щхьэм къриІуам, хамэ щІыпІэхэм щигъэвам теухуауэ ягъэувэ теплъэгъуэ кІэщІхэр купщІафІэт.

ЕджапІэм и тхылъ хъуапІэм щагъэлъэгъуащ Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ ди деж къэса тхыгъэхэр, дэфтэрхэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм сурэтыщІхэм я Іэдакъэм къыщІэкІа лэжьыгъэхэр.

«Дэ дыщыпсэур нэгъуэщІ зэманщ. ИкІи Адыгэхэм я фэеплъ махуэм дыщІызэхуэсыр зыщ - тхыдэм хьІхьа а лъэхъэнэ хэтэхр дигу къэдгъэкІыжкІэрэ къэралым щыпсэу дэтхэнэ лъэпкьми я зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр дгъэбыдэнырщ, - щыжиІащ зэІущІэм курыт школым и унафэщІ Нуаз Мухьэмэд. - Пэжщ, игъащІэкІэ тщыгъупщІэжынукъым а зауэм ди лъэпкъым къыхуихьа мыгъуагъэр, уІэгъэхэр зэи кІыжьынукъым. Ауэ иджы псори дызэхъуэпу дызыхуащІэкъун хуейр апхуэдэ насыпыншагъэ лъэпкъ цІыкІуи ини къаІэрыпхъэмыІэсынырщ».

Нуаз Мухьэмэд зэхэхьэм и къыхэгъэпэщакІуэхэми, еджакІуэ цІыкІухэми, къахуеблэгъэхэми фІыщІэ яхуищІащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.



Хъыбар нэпцІ телукІащ

Ростов областым хьыхьэ Волгодонск къалэм дэт «Атоммаш» заводым къыщыхъуэ мафІэсыр ягъэункІыфІащ.

МафІэс къэмыгъэхъунымкІэ щІыналъэ департаментым и ростов-Іуэхущ Іапім хьыбар зыхэзритымкІэ, металлоконструкцэхэм щелэжькІэ кьанэ кІэрыхуэбжьэрыхуэр щагъэжІуэд Іэнатім къыщыпыда мафІэм щыпІэшхуэ иубыдакъым, уеблэмэ бзийхэр унащхьэм пъэІэсакъым.

МЧС-р щыхьэт тохъуэ Волгодонск АЭС-м папщІэ атом уэзда зыхэлъ пкъыгъуэхэр «Атоммаш» заводым итлъэс куэд хьуауэ я къызэрыщІимыгъэкІыжьым, икІи а Іуэхущ Іапітім зэпыщІэныгъэ гуэри яку зэрыдзэмыгъэнымкІэ Къегъэлакіуэхэм щІыпІэм щыпсэу цІыхухэм зыхуагъэзащ хьэрпъэшыргъэ къамыІэтыну, ущІэпІейтеин Іуэху Урысейм и щІыналъэми абы и гъунэгъу къэралхэми къыщымыхъуауи жаІащ.

ЦІыхухэр зыгъэгугъэвар Украинэм щыщ Запорожье АЭС-м зыгъэсэныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІарщ, ауэ абы шынагъуэ зыпыть къыщыхъуакъым, радиацэ фонри мардэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ.

Белоруссием щохьэщІэ

Ираным и президент Ахмадинежад Мэхьмуд дыгъуасэ Минск кІуащ икІи а махуэ дыдэм ар ІущІащ Белоруссием и пІышхьэ Лукашенкэ Александр.

Зэпсэльэныгъэхэм щІимыдзэ щыкІэ Ахмадинежад къыхигъэщащ Тегеранрэ Минскрэ я зэпыщІэныгъэхэр пІалъэ кІыхь къызэщІэзэыубыдэ зэхущытыкІэу щытыну зэрыщыгугъыр. Апхуэдэуи жиІащ Белоруссием и президентыр и ныбжьэгъуфІхэм ящыщ зыІуэ къызэрильытэр.

Ахмадинежад Мэхьмуд Минск махуитІкІэ щыІэнуц. Абы и мурадщ Белоруссием и къэрал къулыкъущІэхэм яІущІэну.

Польшэм къраш ерыскъыпхъэхэм ятеухуауэ

Нэгъуэщі къэралхэм, псом хуэмыдэу Польшэм, къыщыщІагъэкІ ерыскъыпхъэхэр (лыхэкІри хиубыдэу) ди къэралым къыззэрыращэ щыкІэм теухуауэ Урысеймрэ Евросоюзымрэ ирагъэкІуэкІ зэпсэльэныгъэхэр къэгъэщІэрэщІэжын икІи щІагъэхуэбжьэн хуейуэ щыжиІащ УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щриІэфуэдэ зи чэзу зэІущІам.

Президентым къыззрихиІащамкІэ, а псэльэмакъыр политикэ щытыкІэм къишауэ Іуэхур зэпІэзэрыт щІыкІэм.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Польшэм къраш ерыскъыпхъэхэр къищэхун имыдэу 2005 гъэм и щэкІуэгъуэ маззм Урысейм унафэ къищтат, абы я нэхьбэр «ещанэ къэралкІэ» зэрджэхэм къраш, а ерыскъыпхъэхэр зэрагъэхьэзыра щыкІэр дунейпсо мардэхэм емызэгъэу гуРыщхъуэ хуищІри.

Кхъухьт икІи музейт

Лондон къыщыхъуа мафІэсым сыхьэт зыбжанэм и кІуэщІэ сахуэ ищІащ XIX пІэщІыгъуэм и фэеплъу иджыри къэс яхуэма «Катти Сарк» псынщІэрызекІуэ кхъухьыр.

Инджылыхэр зэрыгушхуэ щІэныгъэхэр пІалъэ кІыхь къызэщІэзэыубыдэ зэхущытыкІэу щытыну зэрыщыгугъыр. Апхуэдэуи жиІащ Белоруссием и президентыр и ныбжьэгъуфІхэм ящыщ зыІуэ къыззэрильытэр.

Ахмадинежад Мэхьмуд Минск махуитІкІэ щыІэнуц. Абы и мурадщ Белоруссием и къэрал къулыкъущІэхэм яІущІэну.

КъБКъУ-м и профессор, къхъухьыр щІыбым дэт музей хъуГъуэфІыгъуэу къальытэрт. Жьыхукіэ (парус) зекІуэу щыта пасэрей кхъухьхэм абы нэхърэ нэхъ дахэрэ нэхъ псынщІэрэ хэмытауэ кьельытэ тхыдэм. Ялэ зыри иримыгъэщу ар щызекІуэрт Лондонрэ Пекинрэ я зэхуаку дапэ хы гуэрхэм, шейудзыщ Китайм кІуэрт. Іэщ ІагъэлІхэм иджыри къызэдэсым къальытэ абы хуэдэ кхъухь тхыдэм хэмытауэ, мы къепщакІэм щІопъ кьарум псынщІагъэ нэхьыбэ дыда кьиту къэзыгъэсбэлыфар а зыРауэ.

Кхъухь-музейр Лондон щыдагъэувар 1957 гъэращ. Бжьыхьэ кІуам щІадзат ар кхъэзгъэпэщІыжьным, мылъкууи фунт мелуан 25-рэ хуахат, пэжыгъэхэр дызыхуэкІуэ илъэсым зэфІагъэхьан хуеяуэ арат. Иджы сыт хуэдиз ахъшэ халъхьау ар кьыззрамыгъэпэщыжми, «Катти Сарк» и копиещ зэрыхъужьнур.



♦Илъэс 35-рэ и пкІэ, 1972 гъэм, лажьэу яутІыпщащ СССР-м щыпэхъ пъэщ дыдэу щыта Александровска - Анжеро-Судженск (Тюмень область) щІыдагъэ бжьамийр.

♦**Астрономием и дунейпсо мазэщ.**

♦Илъэс 40-кІэ узэІебэжьжьмэ (1967 гъэм, накъыгъэм 22 - 27-хэм) Москва щекІуэкІащ тхакІуэхэм я IV Союзпсо съезд. Абдежщ ягъэу утыку къыщрахьар Солженицын Александр совет цензурэм теухуауэ итха письмо зэІухар.

♦**Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 34-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 35-м.**

♦**Махуэм сыхьэт 15-рэ зы дакъикъэр и кІыхьагъщ.**

Плэнэтэр зыгъэхьэзырыр **НЫБЭЖЬ Таисэщ.**

●Щэбэт щІыхьэху

Зей мэз щІыкІур ягъэкъуэкІащ

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі Къэжэр Альберт и жэрдэмкІэ, щэбэт кІуам зей мэз щІыкІум (Малая Кизиловкэ) зэрыдэкІ льагъуэмрэ абы и Іэшэлъащэ Налшык щсы Іуфэмрэ ягъэкъэбзащ.

ЩЭБЭТ щІыхьэхэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс зи пашэ депутат гуп, КъБР-м и Профсоюзхэм я тхьэмадэ Тау Пщыкъан, Хэкужьым къзэгъэзэжа ди лъахэгъу Сэбаншы Назми зи унафэщІ Іуэхущ Іапім, Аброкъуэ Маринэ зи унафэщІ «Марсель» тыкуэным, нэгъэщІ Іэнатім хэхэм я лэжьакІуэхэр. Ауэ нэхьыбэу а щІыхьэхум хэтар КъБР-м и Пенсэ фонд Щауэжь Хьэсэнбий зи унафэщІым и Іуэхущ Іапім нэхьыщхьэмрэ абы и кьалэ кьудамэхэмрэ я лэжьакІуэхэрщ.

Пшэдджыжьым сыхьэти 8-м щІадзэри дыгъэ къэплъыгъуэм ипэ къыхуэу зыпэрыува лэжьыгъэр зэфІагъэкІащ щІыхьэхум хэтахэм. Жэрдэмыр къыхэзылъхьа Къэжэр Альберт абыхэм фІыщІэ яхуищІащ. АдэкІэ, хабзэ зэрыхъуауэ, Пенсэ фондым и лэжьакІуэхэм я гъэмахуэ спартакиадэ екІуэкІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.**

●ЗэІущІэхэр

ЩІалэгъуалэм - Іэщ Іагъэрэ лэжьыгъэрэ

«КъБР-м щІэныгъэ щеГъэгъуэтынымрэ кадрхэр щыгъэхьэзырыныкІэ и Іуэху зыІутыр: пэщІдзэ, ику иг профессионал егъэджэнымрэ зегъэуэжьыным хэлъ гугъуехьхэр».

АРАЩ зытеухуауэ щытар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж щыІэ Жылагъуэ-тэнджощагъуэ советым Ёгъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэр щыгъуэу накъыгъэм и 18-м иригъэкІуэкІа зэІущІэр.

КъБКъУ-м и профессор, Жылагъуэ-чэнджэщагъуэ советым и зэщІэгъэуІуаГъэкІуэ Тхьэгъэпсо Хьэжьысмел зэІущІэр къыщызэІуихым къитГъэльэгъуащ ар еТІуанэ зэхуэсу зэрыщытыр. «Урысейми Къэбэрдей-Балъкъэрми щытыкІэр хэпщІыкІыу щофІакІуэ, экономикэм и ІэнатІэхэр профессионалтехникэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлѣхэм хуабжьу хэзыкъуэ махъу. Дэ къытпэщытщ 90 гъэхэм къэрал властым Іэщ Іэкіа щыуагъэ инхэр дгъэзэкІуэжу профтехеджапІэхэм я зэфІэкІым хэдгъэхъуэжыну, зэманым къызэригъэувым хуэдиз я лэжьыгъэр зэтедублажыну.

Зыужьыныгъэ щыдгъуэтынури, щІыхухэм я псоу кІэр щефІэкІуэнури кадр Іуэхухэр тхуэгъэтэмэмыжмэщ, тхуэгъэкІуатэмэщ», - жиІащ абы.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Політикэ

Хьэмпъуокъу Людмилэ Къэрэшай-Черкесиерм и Налшык хьалэ къудамэм и секретарь

Накъыгъэм и 7-м «Зыуэ щыт Урысей» партым и Налшык кьалэ къудамэм и XII отче т-хэхьныгъэ конференц екІуэкІащ. Абы отчет щищІащ кьалэ политсоветым и секретарь Бакъ Н.

Къэпсальэм кьыхигъэщащ кьалэ парт организацэр ильэситху зэрырикъуар икІи а зэманым кьриубыдэу абы хэтхэм я бжьыгъэм хуэдитІкІэ зэрыихэхьуар. Иджыпсту «Зыуэ щыт Урысей» партым и Налшык кьалэ къудамэм щыху минитхум щІигъу къызэщІеубыдэ.

Докладым теухуауэ конференцым кьыщыпсэльащ Жэрыкъуэ Борис, Берд Хьэзрэталий, нэгъэуэщІхэри.

Политсоветым и кьалэ къудамэм и секретару хахащ Налшык кьалэ политсоветым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэмгъуокъу Леонид. «Зыуэ щыт Урысей» партым и Налшык кьалэ къудамэм и лэжьакІуэ комитетым и унафэщІу аргуэру хахыжащ Лавров Александр.

ИУАН В.

●ФщІэн щхьэкІэ

УщІэпІейтеин щыІэкъым

Волгодонск атом электростанцым насыпыншагъэ къыщыхъуауэ кърахьэжьа хьыбарым и пэжыпІэр зэхэгъэкІыну дыщыщІэупщІащ УФ-м и МЧС-м КъБР-м щиІэ управленэм.

АБЫ и пресс-Іуэхущ Іапім и унафэщІ Давыдов Къантемыр къызэрыджиІамкІэ, радиацэм пыщІауэ узытегуэвыхьын Іуэхугъуэ гуэри щыІэкъым. Волгодонск дэт атом электростанцым и реакторыр мэлыжьыхьым и 17-м щыщІэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 15 пщІондэ къыззэтрагъэувыІащ, абы зэрауІэбзыхуам тегу кІэлъыплъын папщІэ. Щыхухэм, щынальэм я дежкІэ щынагъуэ гуэри щыІэкъым.

УАРДЭ Жантинэ.

«Псапэ фщIэну фепIэщIэкI» республикэ псапащIэ марафон егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2007 гъэм накъыгъэм и 17-м *№ 28-РП*

«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ сабий фондымрэ къыхалъхьар ядэIыгъын икIи сабийхэм ират социальнэ дэIэпыкъуныгъэм хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ жылагъуэ, псапащIэ зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIхэр къызэщIэгъэуIуэн, псэуныгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа щытыкIэ къызэгъэпэщын мурадкIэ:

1. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм хуэзэу, 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м, сабий нэхъ хуэмыщIахэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIа «Псапэ фщIэну фепIэщIэкI» республикэ псапащIэ марафон егъэкIуэкIын.

2. «Псапэ фщIэну фепIэщIэкI» республикэ псапащIэ марафоныр гъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым (адэкIэ - къызэгъэпэщакIуэ комитетщ) хэтхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын республикэ псапащIэ марафоныр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымкIэ планыр «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ сабий фондымрэ ящIыгъуу зэхилъхьэну икIи къиштэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я пщэ илъхьэн, предприятэхэм, IуэхущIапIэхэм, организацэхэм чэнджэщ етын псапащIэ Iуэхум жыджэру хэтыну икIи республикэ псапащIэ марафоным и фондым яхузэфIэкIым хуэдиз мылъку халъхьэну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын республикэ псапащIэ марафоным хэтыну икIи дэтхэнэ муниципальнэ щIыналъэми щыпсэухэр, абыхэм щыIэ организацэхэр сабийхэм яхуэгъэза мы псапащIэ Iуэхум къыхэшэным (взносхэр, зы махуэ лэжьапщIэ хэлъхьэным, псапащIэ жармыкIэхэр, хьэпшыпхэр щащэ выставкэхэр, Гуапагъэм, ГущIэгъум я махуэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми) теухуа лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну.

6. Къызэгъэпэщак Iуэ комитетым хуэгъэувын:

марафоныр зэрекIуэкIым, псапащIэ Iуэхум къыхыхьахэр акъылэгъуу, республикэм щыпсэухэр зэпымыууэ щыгъуазэ ищIыну, абы папщIэ зыхуэфащэ информацэр Интернетым ирилъхьэну, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрыригъэдзэну;

псапащIэ лэжьыгъэр егъэкIуэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэм я проектхэр зэхилъхьэну, псапащIэ Iуэхухэм папщIэ зэхуахьэса ахъшэр нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпа хъуным хуэунэтIауэ зэман кIыхькIэ зэрызэдэлэжьапхъэр къилъытэну;

марафоныр зэрырагъэкIуэкIам кърикIуахэм теухуа информацэр 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м нэсыху игъэхьэзырыну.

7. Марафоныр щрагъэкIуэкIым къыхаха псапащIэ ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ сабий фондым и счетым халъхьэ, нэгъуэщIу зэхуахьэса мылъкумрэ ахъшэмрэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий IуэхущIапIэхэм ятрегуашэ.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ сабий фондым чэнджэщ етын псапащIэ Iуэхур щрагъэкIуэкIым къыхэкIа ахъшэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабийхэр» республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным, сабийхэм ящыщу нэхъ зыхуэфащэхэм - ныкъуэдыкъуэхэм, зеиншэхэм, зрашэлIэжауэ япIыжхэм, зыкIэлъыплъхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм, унагъуэшхуэхэм, адэр е анэр зэрымысыж унагъуэхэм щыщ сабийхэм, балигъыпIэ имыувахэм ящыщу ягъэтIысауэ щысхэм ядэIэпыкъуным, сабийхэм я зэфIэкIыр къыщагъэсэбэп проект, технологие нэхъыфIхэр гъэзэщIэным, медицинэ, интернат IуэхущIапIэхэм защIэгъэкъуэным тригъэкIуэдэну.

9. Телевиденэм и программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» канал» къэрал IуэхущIапIэм, «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал унитарнэ предприятэм и къудамэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием яхуэгъэувын республикэ псапащIэ марафоныр зэрекIуэкIыр занщIэу эфирым къыщытыныр езыхэм мы Iуэхум хащIыхь псапащIэ лэжьыгъэу къызэрагъэпэщыну.

10. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж М. ТI.

11. Мы Унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм накъыгъэм и 17-м къыдигъэкIа Унафэ №28-РП-мкIэ къищтащ

«Псапэ фщIэну фепIэщIэкI» республикэ псапащIэ марафоным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Тхьэзэплъыж М.ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)

ДыщэкI М.Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)

Дядченкэ В.Г. - «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Жанатаев С.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жэрыкъуэ Б.Хь. - «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Политсоветым и секретарыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуауэ)*

Къуэныкъуей А.С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Къуэшырокъуэ З.Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр

Мусуков А.Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрыр

Сирицэ Д.С. - Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Ткаченкэ А.А. - Федеральнэ налог къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Тут З.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министрыр

Тюбеев А.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Умэ С.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ сабий фондым и правленэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэмгъуокъу Л.Б. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Щхьэгъэпсо С.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр.

КъБР-м и Президентым и щIэкIэ къэгъэхъа упщIэхэм я жэуапхэр

- Сыт щыгъуэу пIэрэ Кэнжэ къуажэм транспорт пыщIэныгъэ тэмэм Налшык къалэм хуиIэ щыхъунур?

Жэуап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Павленкэ В. П.:**

- Налшык къалэм и администрацэм и мурадщ 2007 - 2009 гъэхэм ищIыну муниципальнэ заказым (транспорт и лъэныкъуэкIэ) къыхэкIыу «Кэнжэ - Дубки» гъуэгуанэ №20-м зи инагъкIэ курытым хабжэ автобусхэм хуэдэу 12 тригъэувэну. Абы щытыкIэр иригъэфIэкIуэнущ. А зэманым нэсыху Кэнжэ къуажэр транспорткIэ къызэрагъэпэщу щытынущ автобус цIыкIухэмкIэ. Абы къыдэкIуэуи Iуэхугъуэхэр ялэжьынущ. ЦIыху зэхэзекIуэхэр нэхъ Iув щыхъу зэманым автобус цIыкIухэм я бжыгъэр нэхъыбэ, абыхэм я къызэкIэлъыкIуэкIэ пIалъэхэр нэхъ кIэщI щIыным хуэунэтIауэ.

- Маршруткэхэм цIыху лей ирагъэтIысхьэу щхьэ хуадэрэ, абы шынагъуэ къишэ пэтми?

- Къалэ гъуэгуанэхэм автобус цIыкIухэр цIыху нэхъыбэ зэрыхуэ автобусхэмкIэ щызэрахъуэкIыну пIэрэ?

Жэуап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Павленкэ В.П.:**

- ЦIыху лей транспортым игъэтIысхьэныр хабзэм къемызэгъщ икIи абы администрацэм ГИБДД-р и гъусэу зэпымыууэ пэщIэтщ, машинэм дэсхэм къуэдыхэр ирагъэпшыну, административнэ щIыкIэ у тезыр тралъхьэу, хуаIэ лэжьыгъэ договорхэр якъутэжу. Ауэ тыншкъым махуэ къэс гъуэгуанэм тет автобус цIыкIуу 450-м уакIэлъыплъыну. Абы и лъэныкъуэкIэ псом япэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуу щытын хуейхэр а транспортым иризекIуэ езы цIыхухэрщ. Абыхэми ткIиягъ къагъэлъагъуэмэ, а Iуэху мыщхьэпэр езыр-езыру кIуэдыжынущ.

Къалэ администрацэм и мурадщ №№2, 6, 11, 14, 19 гъуэгуанэхэм, апхуэдэуи Белэ Речкэ, Хьэсэней, Кэнжэ къуажэхэу Налшык округым хыхьэхэр къалащхьэм пызыщIэ гъуэгуанэ №№13, 17, 20-нэхэм автобусышхуэхэр, курыт инагъ зиIэхэр тригъэувэну. А гъуэгуанэхэм ящыщу тх ум автобусхэр щызокIуэ.

- Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуагъэ къыхэзыхахэм, и ветеранхэм тхылъ яIэщ пщIэ щIамыту маршрут таксихэмкIэ зекIуэну, ауэ абы щыгъуазэкъым автомашинэхэм дэс языныкъуэхэр, арaщ зэфIэнэхэр, псалъэмакъ мыхъумыщIэхэр къэзышэр. Ахэр щыбгъэгъуазэ мыхъуну пIэрэ Iуэхур зыIутым?

Жэуап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Павленкэ В. П.:**

- 2005 гъэм щыщIэдзауэ хэти хуитыныгъэ иIэжкъым пщIэ щIимыту езым и унейуэ щымыт транспорткIэ зекIуэну.

ПщIэ щIамыту зыгуэрхэр кърашэкIын и лъэныкъуэкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ маршруткэхэм дэсхэмрэ зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я къалэ Советымрэ. Ветеранхэм я Советым и спискэм ипкъ иткIэ Хэку зауэшхуэм хэтахэу цIыху 700-м нэблагъэ тхылъхэр иратауэ щытащ маршруткэхэм дэсхэм пщIэншэу (езыхэм я хьэкъкIэ) кърашэкIын хуейуэ. Апхуэдэхэр пщIэ щIамыту кърашэкIын щамыдэ къэхъумэ, абыкIэ хъыбар къалэм и администрацэм ирагъэщIэн хуейщ 77-42-41, 42-46-98 телефонхэмкIэ, маршрут таксим кIэрылъ къэрал номерыр, гъуэгуанэм и номерыр, Iуэхур къыщыхъуа махуэр къагъэлъагъуэу. ИтIанэ абыкIэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр ялэжьынущ.

- Сыт щыгъуэ Прохладнэ къалэм автобусхэр щызекIуэ щыхъунур?

Жэуап ирет КъБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Харченкэ Ю.И.**

- «Про хладнэ ПАТП» МУП-р мы зэманым Урысейм автоб ус хэр къыщыщIэзыгъэкIхэм йопсалъэ пщIэр зэрыщIат лизинг щIыкIэр къагъэсэбэпу автобусышхуэхэмрэ курытхэмрэ къащэхун IуэхукIэ.

- Ди зэщIэхъееныгъэр ильэситIым нэблэгъауэ мэлажьэ икIи дэ дыхуейщ ди республикэм сыт хуэдизкIи нэхъыбэу сэбэп дыхуэхъуну. Дэ долэжь социальнэ рекламэ гъэхьэзырыным, ауэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ар пщIэншэу къатын и лъэныкъуэкIэ гугъуехьхэм даIуоуэ. Хэту пIэрэ а Iуэхум унафэ тезыщIыхьыр?

«Гу къабзэх эр» межрегиональнэ жылагъуэ зэщIэхъеиныгъэ».

Жэуап ирет КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр **Тут З.Н.:**

- Социальнэ рекламэр - ар сыт хуэдэ IэмалхэмкIи, сыт хуэдэ теплъэри иIэу, хэ хауэ мыхъуу, хэти хуэгъэза икIи псапащIэ, жылагъуэм, къэралым я сэбэп зыхэлъ Iуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа рекламэрщ.

2006 гъэм гъатхэпэ мазэм и 13-м къащта Федеральнэ закон №38-ФЗ-м ипкъ иткIэ:

1. Социальнэ рекламэхэр кърагъэт хъунущ цIыхухэм, юридическэ IэнатIэхэм, къэрал властым и органхэм, нэгъуэщI къэрал органхэм, апхуэдэуи щIыпIэ самоуправленэм и органхэм хэмыхьэ муниципальнэ органхэм.

2. Къэрал властым и органхэм, нэгъуэщI къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, апхуэдэуи щIыпIэ самоуправленэм и органхэм хэмыхьэ муниципальнэ органхэм заказхэр лэжьыгъэ IэнатIэхэм щыхагуашэ икIи социальнэ рекламэр кърагъэт Урысей Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткIэ.

3. Рекламэр къезыгъэтым социальнэ рекламэм щхьэкIэ, Iэмал имыIэу, договор ярищIылIэн хуейщ псори зэхэту илъэсым и кIуэцIкIэ рекламэу къатым (абы щыщу телерадиопрограммэхэм, газетхэм къытрадзэ рекламэхэм, рекламэ конструкцэхэмкIэ къагъэлъагъуэхэм) я процентитхур иубыду. Апхуэдэ договор иращIылIэ Урысей Федерацэм и Граждан кодек сым игъэува хабзэм тету.

Социальнэ рекламэм къыщагъэлъагъуэу ядэркъым хьэпшыпхэм я маркэ (модель, артикул) пыухыкIахэр, дамыгъэхэр, хьэпшыпыр адрейхэм хэхауэ къахэзыгъэщхьэхукI дамыгъэхэр, хьэпшыпыр зи Iэдакъэщ IэкI цIыхухэр, юридическэ IэнатIэхэр. Къэрал властым и органхэм, нэгъуэщI къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм хэмыхьэ IуэхущIапIэхэм, спонсорхэм я цIэр къиIуэнырщ хуит ящIыр.

Абы къыдэкIуэуи «ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхукIэ» Урысей Фе дерацэм и Закон №2124-1-м, 1991 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм и 27-м къащтам, (2006 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм и 16-м зэрагъэзэхуэжам) и 35-нэ статьям ипкъ иткIэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я редакцэхэм я къалэнщ, Iэмал имыIэу, къатын хуей хъыбархэр пщIэ къыIамыхыу икIи и пIалъэм фIэмыкIыу къытрадзэну, ауэ социальнэ рекламэр апхуэдэ хъыбархэм хыхьэркъым.

Социальнэ программэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр унэтIа мэхъу «Рекламэм и IуэхукIэ», «СМИ-м и IуэхукIэ» Федеральнэ законхэмкIэ, Урысей Федерацэм и Граждан кодексымкIэ.

-Тырныауз и телевиденэм унафэ тещIыхьын и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуфыну пIэрэ Президентыр?

Афонин Владилен.

Жэуап ирет КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министр **Тут З.Н.:**

Тырныауз къалэм программищ телевизор ретранслятор щолажьэ ОРТ, РТР+ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК, «НТВ» програмэхэр къиту. А программэх эр къанэ щымыIэу Т ырныаузым лъоIэс.

Ауэ Бахъсэн аузым и щытыкIэм и зэранкIэ эфир телесигналхэр къэубыдыныр гугъу щыхъу щыIэнущ. Апхуэдэхэм деж захуэгъэзэн хуейщ мыпхуэдэ адресымкIэ: Налшык къ., Балъкъэр уэрам, 8, «РТРС» ФГУП-м и къудамэ, КъБР-м и РТПЦ, телефоныр: 72-10-07.

ЩIалэгъуалэм - IэщIагъэрэ лэжьыгъэрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Япэу псалъэ къыIихащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**. Министрым и псалъэр триухуащ иужьрей илъэси 10-м пэщIэдзэ, ику ит профессионал егъэджэныгъэхэм я Iуэхухэр зыхуэдам.

«Иджырей дэтхэнэ жылагъуэми и зэхэтыкIэр зыхуэкIуаращи, зэпыщIэныгъэ зэхузиIэ лъэныкъуищу (сектору) ар зэщхьэщыпх хъунущ: къэралым ейуэ, коммерцэу, коммерцэу щымыту. Сыт хуэдэ лъэныкъуэри къыпэщыт къалэнхэм тэмэму пэлъэщын щхьэкIэ ахэр зэрыщIэу щытын хуейщ. Апхуэдэ лэжьэкIэм щIэдзапIэ хуэхъуащ жылагъуэ организацэхэм драгъусэу къызэдгъэпэщ Iуэхугъуэхэр, абыхэм щыщхэр къэрал комиссэ зэмылIэужьыгъуэхэм, жылагъуэ, чэнджэщэгъу советхэм зэрыхэтшэр, нэгъуэщI куэдхэри», - къигъэлъэгъуащ къэпсэлъам.

Абы зэрыжиIамкIэ, ди къэралым граждан жылагъуэ щызэфIэгъэувэнымкIэ коммерцэу щымыт жылагъуэ организацэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. А IэнатIэхэм къэралым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэр инщ. ФэрыщIагъ хэмылъу бгъэдыхьапхъэщ жылагъуэ организацэхэр, къэрал властым и органхэр, щIыпIэ самоуправленэхэр зэрызэдэлажьэр гъэбыдэным. Сыту жыпIэмэ, коммерцэу щымыт организацэхэм я нэхъыбэр къыщIызэрагъэпэщар къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ ягъэзащIэ къалэнхэр зэфIагъэкIынырщ.

Ди министерствэр ядолажьэ егъэджэныгъэм и IэнатIэхэм я профсоюзым и рескомым, КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу Советым, ЕджапIэ Нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я Советым, цIыхубзхэм я Союзым, сабий фондым, республикэм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я Союзым, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и фондым, КъБР-м и Пенсионерхэм я союзым, Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союзым.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытым щыубзыхуахэр гъэзэщIэным, зыуэ щыт къэрал экзаменыр, олимпиадэхэр, нэгъуэщIхэри егъэкIуэкIыным теухуауэ курыт еджапIэхэр, егъэджакIуэхэр, зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэр къыщыхэтхкIэ зи гугъу сщIа организацэхэм щыщ экспертхэр ди комиссэхэм къыдогъэблагъэ.

Жылагъуэ организацэхэмрэ республикэм и къэрал властым и органхэмрэ зэгъусэу ягъэхьэзырри къащтащ лъэныкъуэ куэдкIэ цIыхухэм я сэбэп зыхэлъ норматив-правовой актхэр. Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым и жэрдэмкIэ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм зэхилъхьэнущ лъэпкъыбзэхэмкIэ зэреджэ тхылъхэр егъэфIэкIуэным теухуа республикэ программэ хэхам и проектыр.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Парламентым Зыщыхуигъазэм къыхигъэщащ экономикэм и зыужьыныгъэм дежкIэ профессионал щIэныгъэм и мыхьэнэм ди зэманым зэрыхэхъуэр икIи дэ ди къалэнщ а IэнатIэр къэIэтыжыным ди къарур хузэщIэдгъэуIуэну», - къыхигъэщащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ **Абазэ Барэсбий** и псалъэм къызэщIригъэубыдащ 1996 - 2006 гъэхэм пэщIэдзэ профессионал егъэджэныгъэм и Iуэхур зыхуэдар, и нобэрей щытыкIэмрэ дяпэкIэ игъуэтыну зыщыгугъ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ.

Абы зэрыжиIамкIэ, иджыпсту республикэм щолажьэ пэщIэдзэ профессионал егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэу 13. Абыхэм илъэс къэс IэщIагъэлI Iэзэу мини 4-м нэблагъэ къыщIагъэкI, 1500-м щIигъум я щIэныгъэм щыхагъахъуэ.

1990 гъэм IэщIагъэ 46-м хуагъэхьэзыру щытамэ, 2001 гъэм а бжыгъэр зэрыхъуар 32-рщ, мы илъэсым 29-рэщ. Профессионал лицейхэр къапщтэмэ, абыхэм ику ит IэщIагъэу 20-м щыхурагъаджэ.

Рабочэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ экономикэм и IэнатIэу 8-м хуагъэхьэзыр: ухуэныгъэм проценти 4,5-рэ, транспортым - 17, жылагъуэ шхапIэхэм процент 20,2-рэ, промышленность псынщIэм - 95-рэ, Iуэхутхьэбзэхэм - 1,7-рэ, IэнатIэ псоми зэхуэдэу къыщагъэсэбэпхэм проценти 10.

«Ди къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, къыщIэдгъэкIхэм щIэупщIэ нэхъыбэ щаIэщ транспортым, ухуэныгъэм, жылагъуэ шхапIэхэмрэ сатумрэ я IэнатIэхэм. Бухгалтеру, секретарь-референту, суд секретару, финансисту, юристу, банк лэжьакIуэу, менеджеру еджахэр нэхъ гугъу йохь», - жиIащ къэпсэлъам.

Абазэ Барэсбий зэпкърыхауэ къытеувыIащ профессионал еджапIэхэм я материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, иджырей технологиехэр тегушхуауэ къэгъэсэбэпыным, егъэджакIуэ кадрхэр гъэхьэзырыным икIи къыхэхыным, щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным, IэнатIэ зытхэм хуаIэ пыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным, нэгъуэщI куэдхэми теухуауэ пIалъэ пыухыкIахэм тету зэфIагъэкIыну къапэщытхэм.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэр щызэпкърахым, зэхуэсахэр я гупсысэхэмкIэ зэхъуэжащ, пэщIэдзэ, ику ит профессионал егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным хэкIыпIэ хуэхъуну къалъытэхэр утыку кръралъхьащ.

ЗэIущIэм хэтащ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и президент **Иуан Петр**, Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым щыщ, бизнесымкIэ институтым и ректор **Хъурей Феликс**, банк, профтехеджапIэхэм я унафэщIхэр.

АРУАН Алий.

●Прохладнэ куей

Жызумыр бэв хъуным щогугъ

Прохладнэ къалэм и «Жызум» цIыхубэ предприятэм иджыпсту къегъэщIылIащ жызумей зытет щIыуэ гектар 700. Мы махуэхэм абы хущхъуэ траутхэ, я лъабжьэхэр ягъэщабэ, къыдэжа къудамэ цIынэхэр ирапх. IуэхущIапIэм и унафэщI Тхьэлыджокъуэ Сэфарбий зэрыжиIамкIэ, мы гъэм жызумейхэм я бжыгъэм фIыуэ хагъэхъуэнущ.

КРАСНОДАР щIыналъэм иджыблагъэ щекIуэкIащ мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я зэIущIэшхуэ. УФ-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министр Гордеев Алексей къыхигъэщащ «Жызумым елэжьын яублэжыным хухэхауэ щIыналъэ куэдым гулъытэ щхьэхуэ хуащIын зэрыхуейр». А Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэми ядиIыгъащ икIи къилъытащ «Агропромышленнэ IэнатIэм зегъэужьын» лъэпкъ проектым ипкъ иту япэу зэлэжьыну Iуэхухэм зэращыщыр.

Предприятэм жызум лъэпкъыфI къигъэкIым и мызакъуэу, абы къыхещIыкI шагъыр зэмылIэужьыгъуэу 20-м, фадэ лъапIэу 15-м нэс. Ахэр фIыуэ ящIри, щIэупщIэшхуэ щиIэщ Урысей псом икIи дяпэкIи яужь итынущ я лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэным. Иджыпсту предприятэм щылажьэ цIыху 500-м улахуэу ират сом мини 5 - 10 хуэдиз. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, мы гъэм жызумейхэм къегуэуэн щIыIэ зэрыщымыIам и фIыгъэкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ бэгъуакIэ мэгугъэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ЕхъулIэныгъэ яIэу

●Зэпеуэ

Накъыгъэм и 16-м Налшык къалэ дэт 17-нэ еджапIэм зэIущIэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ. Абы щагъэлъэпIащ курыт щIэныгъэ щрат IуэхущIапIэхэм я кадет классхэм я III урысейпсо зауэ-хэкупсэ зэпеуэу мэлыжьыхьым и 28-м щыщIэдзауэ накъыгъэм и 6 пщIондэ Новороссийск къалэм щызэхэ там зэфIэкI лъагэ къыщызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэ хэр. Ди республикэм щыщу абы щыIащ Налшык къалэ дэт 17-нэ, 27-нэ школхэм я гъэсэнхэр.

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм къригъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Эфендиев ФуIэд**, Налшык къалэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI **Мэлбахъуэ Тимур**, «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и исполкомым и тхьэмадэ **Дьяченкэ Вячеслав**, а партым и къалэ къудамэм и унафэщI **Лавров Александр**, КъБКъУ-м и военнэ факультетым и деканым и къуэдзэ, полковник **Аттаев Жашарбек** сымэ.

Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ кадет классхэм я III урысейпсо зэпеуэм ди ныбжьыщIэхэр зэрыхэтар къыщыгъэлъэгъуэжа видеофильм. А зэхыхьэр хуагъэпсат хэкум деж щаIэ къалэныр я псэ емыблэжу зыгъэзэщIа зауэлIхэм я фэеплъыр гъэлъэпIэным, ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 62-рэ зэрырикъум. Зэпеуэм хэтащ ди къэралым и хэгъуэгу 48-м къикIа гуп щхьэхуэхэр. ЕкIуэкIа зэхьэзэхуэ хэм ди щIалэхэр сыт и лъэныкъуэкIи къахэжаныкIащ икIи ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьауэ къэкIуэжащ.

Ди республикэм икIа ныбжьыщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, а махуибгъум я нэгу щIэкIа псори гукъинэж ящыхъуащ икIи зыхэта зэхьэзэхуэхэм я Iэзагъэм нэхъ хигъэхъуащ, гъащIэм хуаIэ я Iуэху еплъыкIэхэми зригъэужьащ.

- Си гур хэхъуэу сеплъащ фильмым, - жиIащ Мэлбахъуэ Тимур, - сыщогуфIыкI ди ныб жьыщIэхэм зэфIэкI лъагэ къызэрагъэлъэгъуам. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэфащэн цIыху нэсу зыкъэвгъэлъэгъуащи, адэкIи нэ хъри евгъэфIакIуэу фи Iуэхухэр екIуэкIыну сынывохъуэхъу.

Налшык къалэ администрацэмрэ езыр зи унафэщI департаментымрэ къабгъэдэкIыу Мэлбахъуэм кадет ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм ядэлажьэ егъэджакIуэ хэмрэ щIыхь тхылъхэр яритащ.

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и фIыщIэ тхылъхэр гупитIым я унафэщIхэми ахэр щеджэ 17-нэ, 27-нэ школхэм я директорхэу Блэныхь Казбекрэ Нэзэр Юрэри иратащ. Ахэр щаритым Дьяченкэ Вячеслав къыхигъэщащ хэгъуэгу 48-м къикIа гупхэр зыхэ т зэхьэзэхуэм къыхэжаныкIа, УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ министрым и Кубокыр къэзыхьыфа ди щIалэхэр уатемыукIытыхьу сыт хуэдэ Iуэхуи хэбгъэхьэ зэрыхъунур икIи фильмым адрей школхэри ирагъэплъын хуейуэ къыхилъхьащ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкIыу кадет ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ Эфендиев ФуIэд.

- Фэ фыщеджэ еджапIэхэм я щIыхьым и закъуэкъым фхъумар, атIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэр фIыкIэ вгъэIун фхузэфIэкIащ, жиIащ абы. - Мыпхуэдэ кадет классхэр адрей еджапIэхэми къыщызэрагъэпэщын хуейуэ къызолъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ныбжьыщIэхэр хэкупсэу къэхъунымкIэ абы лэжьыгъэшхуэ егъэзащIэ. ЗауэлI фащэр зыщыгъым лIыгъэ хэлъын хуейщ, ар фэ фызэрилэр дэ иджыпсту ди нэгу щIэкIащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Залымыгъэ зылъысахэм ятеухуауэ

●“СтIол хъурей”

Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и центрым «стIол хъурей» зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар теухуат къэралым и тхыдэм «террор ин» фIэщыгъэм щIэту хэува 1937 гъэм и лъэхъэнэ хьэлъэм.

ЦIЫХУМ и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ центрым абы ехьэлIа Iуэхур утыку къыщIрихьам щхьэусыгъуэ иIэщ: 1990 гъэ лъандэрэ Урысейм и щIыналъэхэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI лажьэншэу ягъэкIуэдахэр сэтей къэщIынымкIэ, ухеижынымкIэ. Псалъэм папщIэ, ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ-Аланием къыщыдэкIащ залымыгъэкIэ ягъэкIуэдахэм теухуауэ томитIу зэхэт «Фэеплъ тхылъ». Центрым и унафэщI Хьэтэжьыкъуэ Валерэ зэрыжиIэмкIэ, блэкIар наIуэ къэщIын, джын хуейщ, шынагъуэм къытримыгъэзэн щхьэкIэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэщ 1937 гъэм екIуэкIа залымыгъэхэм теухуауэ тхылъ, монографие, нэгъуэщI лэжьыгъэ щхьэхуэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэлIхэу Дзу Гъумар, Сэрахъэ Александр, Айшаев Оюс, нэгъуэщIхэри. ЗэIущIэм кърихьэлIахэм унафэ зытещIыхьыпхъэ Iуэхугъуэ зыбжанэ зэдэарэзыуэ къыхагъэщхьэхукIащ: блэкIам и пэжыпIэм ди цIыхубэр щыгъуазэ щIын, абыхэм ятеухуа тхылъ къыдэгъэкIын.

«Мы Iуэхур зи къалэныр цIыхубэ организацэхэм я закъуэкъым, атIэ къэрал, республикэ Iуэхуу щытыпхъэщ», - жиIащ Урысейм залымыгъэ зылъысауэ яухеижахэм я ассоциацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэ Лафыщ Нинэ. А къудамэм и унафэщI Турчина Светланэ къызэрыхигъэщамкIэ, 1918 гъэм къыщыщIэдзауэ 1950 гъэм нэсыху ди щIыналъэм щыщу цIыху мин 55-рэ яукIащ.

Апхуэдэу «стIол хъурейм» сэтей къыщащIащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм ящыщу щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхухэм я нэхъыбэр зэрагъэкIуэдар лъэпкъитIым дежкIэ пхуэмыгъэзэкIуэжын хэщIыныгъэшхуэ зэрыхъуар.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыхалъхьащ хейуэ ягъэкIуэдахэр щаукIа Налшык и Iэгъуэблагъэм щыIэ щIыпIэ щхьэхуэхэр гъэнэIуэн, Урысейм зэрищIым хуэдэу, ягъэкIуэдахэм я фэеплъ гъэувын зэрыхуейр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Зи хъэтIыр зыми емыщхь Журт Биберд

70



Журт Биберд Къумыкъу и къуэр Советскэ районым (иджы Шэрэдж районщ) хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1937 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къыщалъхуащ.

Къуажэ школыр къиуха иужь, Биберд зы илъэскIэ колхозым щылэжьащ. 1958 гъэм ар КъБКъУ-м и филологие факультетым щIэтIысхьэри 1964 гъэм къиухащ. А илъэсхэм абы и усыгъэ щхъэхуэхэр, рассказ кIэщIхэр республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытохуэ. 1964 гъэм къыщыщIэдзауэ 1978 гъэм нэсыху ар лэжьащ КъБР-м телевиденэмрэ радиовещанэмкIэ и комитетым и корреспонденту, литературэ-драмэ нэтынхэмкIэ къудамэм и редактор нэхъыжьу. 1983 гъэм щегъэжьауэ илъэс зыбжанэкIэ ар «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыжьу щытащ.

ТхакIуэхэми журналистхэми я союзхэм хэт Журт Биберд и псалъэ купщIафIэхэр зыщIэлъ уэрэдхэм ягъэдахэ, ягъэлъапIэ лъахэр, ныбжьэгъугъэр, цIыхугъэр.

Рассказхэмрэ повестхэмрэ къыдэкIуэу Журтым и къалэмыпэм къыщIэкIащ драмэ тхыгъэ хьэлэмэтхэри. Абы и пьесэхэр щагъэуващ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым, Мэхъэчкъалэ дэт Авар театрым, Узбекистаным и Нукус къалэм и Каракалпак театрым, Башкир республикэм и лъэпкъ театрым, нэгъуэщIхэми.

Лъэпкъ литературэм игъуэта зыужьыныгъэм Журт Биберд и гуащIи и фIыщIи хэлъщ. Ар яхэтащ адыгэ сабий литературэр езыгъэфIэкIуа тхакIуэхэм.

Биберд адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым я тхыгъэ купщIафIэхэр. Абыхэм ящыщщ Толстой Алексей, Шолохов Михаил, Айтматов Чингиз, Думбадзе Нодар, Карим Мустай сымэ, нэгъуэщI куэдми я IэдакъэщIэкIхэр.

1991 гъэм Биберд къыфIащауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр, Къэбэрдей литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ къыхуагъэфэщат КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр.

Дэ къуажэм дыщызэгъунэгъуащ, ди унэхэм зы бжыхь фIэкIа ямызэхуакуу. ЗэгъунэгъуфIу дыщытауэ жыпIэнуи мащIэIуэщ, сыту жыпIэмэ, зэш быным хуэдэу дызэкъуэтащ. Апхуэдэу зэрыщытам и хьэкъкIэ, сэ фIы дыдэу сыщыгъуазэщ Биберд и гъащIэми, и хьэлми, и IэдакъэщIэкIа тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа образхэмрэ щыукъуэдия сюжетхэмрэ я къуэпсхэми.

Фэеплъ

Гу пцIанэ

ГУГЪУЕХЬЫР пасэу зыхищIат абы: илъэс етхуанэм щитым щыгъуэ и адэр зауэм кIуэри къигъэзэжакъым, и анэми узыншагъэ щIагъуэ бгъэдэмылъу, и къуэш нэхъыщIэри цIыкIу дыдэу, Биберд и пщэ къыдэхуащ унагъуэ къалэн куэд. Унэ Iуэху зехьэнри, хадэ цIыкIум илэжьыхьынри и школ кIуэгъуэ мыхъу щIыкIэ абы къылъысат. Ауэ ари апхуэдэу хьэлъэтэкъым иужькIэ къытепсыхам елъытауэ: Биберд илъэс епщыкIутхуанэм иту и анэр дунейм ехыжащ.

Биберд и гъащIэм фIыуэ сыщыгъуазэу слъытэжми, унэ нэщIым адэ-анэншэу къыщIэна зэкъуэш цIыкIуитIым нэпсу щIагъэкIамрэ гу бампIэу щагъэвамрэ зыхуэдизыр сэ сыткIэ сщIэн?! Ауэ сэ сощIэ а нэпсым зэкъуэшитIыр гущIыIэ зэримыщIар. ЖаIэ, бэлыхь куэд зышэчам и гур зэщыуэу нэгъуэщIым и лажьэр зыхимыщIэж хъууэ. Апхуэдэуи жаIэ, гугъуехьым гущIэгъур къыздихьу, мыгъуагъэ куэд зыгъэунэхуар гу щабэ хъууэ. Мис а етIуанэр пэжмэ, абы и щыхьэт наIуэщ Журт Биберд и гъащIэр.

Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, зеиншэнымрэ гъащIэм и нэгъуэщI лъэпощхьэпо инхэмрэ ар къахуэгъэшакъым: лэжьакIуэшхуэу, цIыху пэжу, лей зезыхьэр игу темыхуэу, зи хьэмтетыгъуэ гуэр къыжьэхэуакIэ пимыкIуэту и дуней Iыхьэр ихьри, и напэр къабзэу и щIы Iыхьэр игъуэтыжащ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъынщи, езым лъэкIымкIэ ар сэбэп зыхуэмыхъуа, зыдэмыIэпыкъуа, игу мыузыншэм и хуабагъэ зыхущысхьа щыIэу си фIэщ хъуркъым.

КъысфIощI Журт Биберд хуэдэ цIыху гу пцIанэ улъыхъуэкIэ умыгъуэтыну. Мастэ хуэдиз фIы хуэпщIамэ, игъащIэкIэ щымыгъупщэну и гуапэ хъурт, хуэпщIам хуэдэ IэджэкIэ къызэрыпхуищIэжыным хущIэкъурт. Ауэ а мастэ дыдэр езым дэнэ дежи хэIу, занщIэу и гум хуэзэнут - ямылейуэ зымащIэ тIэкIури и жагъуэ хъурт, гу узэрыдзэ ищIырт. Апхуэдэу зэрыщытам кърикIуащ Биберд фIыуэ зылъагъу куэд дыдэ зэрыщыIари, езыр зэи зыгурымыIуэ зэрыщыIари. Биберд къехьэкI-нехьэкI лъэпкъ хэлъакъым, хэт игу ебгъами зыхуиудыгъуакъым, зибзыщIакъым. Абы и псалъэхэмрэ и гурыщIэхэмрэ я дежкIэ зыт уэрамым дэту зыхуэза щIалэ цIыкIури уей-уей жезыгъэIэ къулыкъущIэшхуэри.

ЖаIэжыр, зэгуэрым, Биберд нэхъ щыщIалэм щыгъуэ, абы и пьесэхэр иту зы тхылъ къыдигъэкIыну иужь зэритыгъар. АрщхьэкIэ, Iуэхур и пIэ иуджыхьым, зэфIэмыкIыурэ, кIыхьлIыхь хъуащ, унафэр зыIэщIэлъхэм ящыщ зым и деж щIыхьэм, адрейм и деж ирагъэкIуэтэкIыжурэ, ахэр псори зэблэзыгъэкIыу обкомым щIэс къулыкъущIэшхуэ дыдэ гуэрым и деж нэсащ. Абыи къыщыхуимыгъэдахэм, Биберд, псалъэм къыдэкIуэу, жиIащ: «…АтIэ, мыпхуэдэм къыхудэвгъэкIаи тхылъ!»

- Плъагъуркъэ, Биберд, - кърищыжащ къулыкъущIэшхуэм жэуап, - абы и ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэ ирикъурти, къыхудэдгъэкIащ, уэри, щIалэфI, абы унэсмэ, къыпхудэдгъэкIынщ.

ЛъэIуакIуэ кIуам хьэкъыу къыгурыIуат и Iуэхур къызэримыкIынур. Ауэ апхуэдэхэм деж зи щхьэр ехьэхауэ къыщIэкIыжхэм Биберд ящыщтэкъым:

- АтIэ, тхьэмадэ, сэ иджыкIэ илъэс щэщIрэ тIурэ сыхъуауэ аращ. Щэ ныкъуэм сынэсыным илъэс пщыкIуий иIэщ. Уэ иджыри илъэс пщыкIуийкIэ мы шэнтжьейм уисыну угугъэрэ?!

Биберд дэпсэлъеину фIэфIтэкъым, ауэ, Тхьэ лъапIэм и пащхьэ укъикIами, Iумпэм пщIыуэ ухуежьамэ, къыпхуигъэгъунутэкъым. Ар пасэу дунейм ехыжащ, жыдоIэри догъэщIагъуэ! ГъэщIэгъ уэныр апхуэдизу гу пцIанэу, хэт и лажьэри псэкIэ зыхищIэу, зыщымысхьыжу икIи щхьэмыгъазэу илъэс 66-м нэблагъэкIэ мы дуней бзаджэм зэрытетаращ.

Сыщыуэми сщIэркъым, ауэ, къызэрысфIэщIымкIэ, абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр къэзыгъэнэхуар бгъэдэлъа талантышхуэм и закъуэкъым, атIэ и псэм щыщIэхэм зэрахуэурэ, и зэфIэкIыр къэлындауэ аращ.

Телъыджэщ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа персонажхэр. НэхъыбитIкIэ ахэр е зи гъащIэ гъуэгур зи япэ ит ныбжьыщIэхэщ - дунейм и IэфIым щыгугъхэу, гугъуехьхэм щымыщтэу, къуаншагъэ лъэпкъ ягу темыхуэу, е гъащIэм и IэфIри и дыджри зыгъэунэхуа, абы щыгъуэми зи цIыхугъэ лъагэр зыфIэмыкIуэда цIыху хэкIуэтахэщ. Журтым и лIыхъужьхэр къэпсэлъапIэм дэкIуейуэ зызыгъэпIиин зи нэрыгъхэм ящыщкъым. Ауэ я цIэр мыIуми, апхуэдэхэм я пщIэнтIэпсращ щIым и дагъэр къэзызгъэберычэтыр. Абыхэм я гуащIэ хьэлэлым, псалъэ къызэрыгуэкIым икIи пэжым, я Iуэху зехьэкIэм зэтриIыгъэ хуэдэщ дуней псор. Зыгуэрхэр мэдыгъуэ, нэгъуэщIхэм пцIы яупс, адрейхэм хьэрэмыгъэкIэ мылъку зралъэфалIэ, ауэ Биберд и лIыхъужьхэм я унагъуэри зэрахьэ, гъунэгъуми зыщIагъакъуэ, щыгушыIапхъэми я Iыхьэ къагъэнэркъым, ауэ Хэку Iуэху щыхъукIэ, напэм и пэ псэр ирагъэщыф.

Абы нэмыщI Журтым гум имыхуж персонаж ещIыф псэ зыIумытхэри, бзэ зыIурымылъхэри. ИтIанэ ахэр цIыхум ещхь мэхъу. Апхуэдэкъэ, псалъэм папщIэ, «Нэщрэдин мыгъуэм и шыуанкIэ» зэджэ уней хьэпшыпу жылэм ей хъуар: ар къэзыщэхуар, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, ишхыкIыжыну хунэсакъым, а шыуанышхуэм къищынэмыщIаи мы дунейм зыри къитринакъым. Ауэ абы къытринащ псэ хьэлэл, цIыхугъэ, гуапагъэ. Благъэ-Iыхьлыми, хамэ дыдэми, гуфIэгъуэ зиIэми, гуауэ зиIэми - дэтхэнэми хуощхьэпэ нэгъуэщI мылъку къызэзымынэкIыфа щIалэм къигъэна хьэпшыпыр, апхуэдэу щыхъукIэ, а езы щымыIэжыр, игъуэ нэмысу зауэ лыгъэм трибзеикIар, лъэужьыншэкъым. Ар цIыху къызэрыгуэкI дыдэу щытати, езым хуэдэ къызэрыгуэкIхэм я гъащIэм щыщ хъужащ, хэшыпсыхьащ, ауэ кIуэдакъым…

Апхуэдэхэракъэ лъэпкъым и купщIэ хъужыр, мы щIым и куцIыр зымыгъэкIуэдыр. Абы и фэгъущ нэгъуэщI рассказым и персонаж нэхъыщхьэу къакIуэ Псынащхьэр. Псынащхьэр зымыгъэлъапIэ цIыху щыIэу къыщIэкIынкъым. Ар псы къудейкъым, атIэ икIи къабзагъэм, нэхугъэм, гъащIэм и лъапIагъым и нэщэнэщ. Псынащхьэр зыгъэкъабзэм зэрыдунейуэ егъэдахэ, егъэщIэращIэ, нэхъ IэфI ещI. Абы зэрыхущытым курыхыу къегъэнахуэ цIыхум и хьэлыр, и лъэкIыныгъэр, и цIыхугъэр здынэсыр. Псынэм и тхыдэр цIыхумрэ цIыхугъэмрэ я тхыдэщи, псынащхьэ гъуджэм пэжым и сурэтыр къытолыдыкIыж.

Сэ къысфIощIыр Журт Биберди апхуэдэ зы псынащхьэ тхуэхъужауэ, абы хуэдэхэм дазэрыхущытым елъытакIэ дэ езыхэр дызыхуэдэр абы и гъу джэм къищу.

Ауэ мыбдежым зы Iуэху гъуэ иджыри къэлъытэн хуейщ. Биберд и рассказхэм, повестхэм, роман гъуэзэджэхэу нобэр къыздэсым критикхэм гу зылъамытахэм, пьесэхэм езым и нэгу щIэкIа гуэрхэр къыщиIуэтэжу жызыIэ щыIэщ. Мы дунейм теткъым зыгуэр зи нэгу щIэмыкIа зы цIыху. Шэ хэлъкъым Журт Биберд илъэгъуам нэхърэ нэхъыбэж зыгъэва мымащIэу зэрыбгъуэтынуми. Ауэ дэтхэнэ зыми тхэныр и IэнатIэкъым, дэри хэт итхари телъыджэ тщыхъуу аракъым. Пэжщ, Журтым и тхыгъэ Iэджэми сэ слъэгъуа гуэрхэр, къуажэ теплъэгъуэхэр сигу къагъэкIыж, ауэ ахэр сурэттехым и IэщIагъэкъым. ТхакIуэм къигъэлъагъуэ зы теплъэмрэ къиIуатэ къэхъугъэхэмрэкIэ зэуэ куэд къызэщIеубыдэ - теплъэгъуэхэри, плъыфэхэри, хьэл-щэнхэри, гурыщIэхэри, гъэсэныгъэри, дахагъэри, гъащIэм и купщIэ дыдэри. КъинэмыщIыжу, ар бзэ шэрыуэкIэ, образ гъэщIэгъуэнкIэ къыббгъэделъхьэж. Апхуэдэу щытащ Биберди. Ар сурэттехтэкъым, атIэ нэхъ Iэзэ дыдэу сурэт зыщIхэм ящыщ зыт.

ГЪУТ Iэ дэм,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

Журт Биберд, КхъуэIуфэ Хьэчим, Хьэх Сэфарбий сымэ Бобруйск къалэм щыIэу зэ трагъэха фэеплъ сурэт.

И тхыгъэхэм гъащIэ яIэнущ

Университетым дыщIэтIысхьагъащIэу зы махуэ гуэрым ди еджэгъу Гъут Аслъэнбий щIоупщIэ: «Журт Биберд ейуэ тхылъ гъэщIэгъуэн къыдэкIащи феджа?» - жеIэри. «Сыт хуэдэ?» «Си сабиигъуэм и бжьэпэ». ЕтIуанэ махуэм къыдощэхури хэти зы жэщым, хэти махуитI-щым щIеджыкI. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, псоми хуабжьу дигу ирихьат тхылъыр. Си щхьэкIэ а повестым сыщеджам апхуэдизкIэ гухэхъуэгъуэ, дэрэжэгъуэ ин згъуэтати, зы хъугъуэфIыгъуэ гуэр къысхэхъуауэ фIэкI сщIэртэкъым.

АЛЪЭХЪЭНЭМ, 70 гъэхэм и кум, тхыгъэ цIыкIу гуэрхэр сыуцIырхъыурэ адыгэ газетым къэсхьырт, радиом щIэслъхьэрт. Языныкъуэхэм гъуэгу ягъуэтырт, ауэ и нэхъыбэр къызатыжырт «елэжьыжын хуейщ» жаIэурэ. Апхуэдэу, зы махуэ гуэрым радиом сыщIыхьауэ, Журт Биберд сыхуозэ икIи и повестыр студентхэм дигу зэрырихьар жызоIэ. ФIыщIэ къысхуещIри сызрегъэцIыху. Зыгуэрхэр стхыуэ къыщищIэм, и гуапэ мэхъу икIи зы очерк згъэхьэзырыну си пщэ кърелъхьэ. Арати, куэд дэмыкIыу, хузохь рабочэ пэрыт гуэрым теухуа тхыгъэ. ЩIагъуи хъуагъэнутэкъым, ауэ, Биберд фIыуэ холэжьыхьыжри, радиокIэ къат.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхугъэ сыхуэхъуауэ щытащ а лIы телъыджэм. Радиом корреспонденту сыува нэужьи и нэIэ къыстригъэтащ. КъимыдэкIэ, повеститI стхати, тIуми рецензэ езытар Бибердщ - япэу псалъэ гуапэ къысхужызыIари, си тхыгъэ пIащэхэр зэпкърызыхари араш (рецензитIри «Адыгэ псалъэ» газетым тетащ). Си закъуэкъым Биберд зыдэIэпыкъуар, журналистикэм, литературэм зезыпщыта щIалэгъуалэм защIигъакъуэу щытащ.

Журтым и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм я гугъу пщIымэ, ди литературэр куэдкIэ нэхъ къулейсыз хъунт ахэр хэмытамэ. Псом хуэмыдэу «Си сабиигъуэм и бжьэпэ», «Адэжь лъапсэ» повестхэр, «Гъуэжькуий» романыр. Зауэм теухуа и рассказхэм щхьэкIи ардыдэрщ жысIэнур. «Адэжь лъапсэр» урысыбзэкIэ зэбдзэкIыу, Москва къыщыдэкI журналхэм ящыщ зым тебдзэну уасэ иIэтэкъым, апхуэдизкIэ Iэзэу тха хъуащи, зауэ лъэхъэнэм ди цIыхубзхэм я фэм икIар кууэ, уи фIэщ хъууэ къыщыгъэлъэгъуащи. И пьесэхэр, и уэрэдхэр-щэ? Абыхэми яхуэфэщэн увыпIэ щаIыгъщ ди лъэпкъ гъуазджэм.

Биберд икъукIэ Iуэху щхьэпэ щилэжьащ радиом. Ди артист, тхакIуэ гъуэзэджэхэм ятеухуа очерк Iэджэ итхащ, абыхэм я нэхъыбэр пленкэм тету щыIэщ. Апхуэдэу, литературэмкIэ радиом и къудамэр щыIэщIалъхьа зэманым абы иригъэтхауэ яхъумэ ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым щагъэува спектакль куэд. Апхуэдэуи къэрал псом къыщацIыху тхакIуэшхуэхэм я IэдакъэщIэкI зыбжанэ зэридзэкIри, радиоспектакль къыхищIыкIауэ щытащ.

И цIыхугъэм, и дуней тетыкIэм и гугъу пщIымэ, згъэщIагъуэу, пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал имыIэу Биберд хэлът зы хьэл. Ар - и жьэнахуагъэрт. «Мор си унафэщIщ» е «мобы къулыкъушхуэ иIыгъщ» жиIэу и гум илъыр ибзыщIынутэкъым, къикIуэтынутэкъым. Теплъэ хъуртэкъым Iужажэм, бзитIщхьитIым. ИтIанэ, гупым яхэту ухуэзамэ, пашэр арат - и гушыIэ дахэм, къиIуэтэж хъыбар гъэщIэгъуэнхэм удамыхьэхыу къанэртэкъым. Мо цIыху жумартым, псэ къабзэм куэдым зыкъыкIэращIэрт я щхьэ IуэхукIэ къагъэсэбэпын, ягъэлъэIуэн хьисэпкIэ, ауэ щхьэхуещэхэр, мэлыфэ зытезыгъэлъадэ дыгъужьхэр щIэх дыдэ кIэрыщэщыжырт.

Хьэуэ, Журт Биберд хуэдэ цIыхур, зи хьэлщэнкIи, зи хъэтIкIи зыми емыщхьу, адыгагъэ зыхэлъу дунейм тетар, ди лъэпкъ прозэр, драматургиер къулей зыщIар уи гум ихункIэ Iэмал иIэкъым. Си фIэщ мэхъу абы и IэдакъэщIэкIхэм гъащIэ зэраIэнур.

МЫЗ Ахьмэд.

ГукъэкIыжхэр

И жьэри нахуэт, и псэри дахэт

ЗИ АДЭРИ ЗИ АНЭРИ пасэ дыдэу зыфIэкIуэду зеиншэу къэна сабийхэм я гур иудауэ, дунейр яфIэмыIэфIу къанэ хабзэщ. Ауэ Журт Биберд лIыгъэ хэлъу, цIыху нэжэгужэу, гушыIэрейуэ щытащ. Я адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуадэри, зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIужу, сабиитIыр къызыхуэна я анэми къигъэщIэжагъэшхуэ щыIэкъым. Арати, зэкъуэш цIыкIуитIыр Iыхьлыхэм, благъэхэм, гъунэгъу цIыхуфIхэм я нэIэ тету къэхъуащ. ЗэрыжаIэу, мафIэми ирагъэсакъым, псывэми хагъэупIакъым. Къуажэ ив нэхърэ, къуажэ ифI щIыжаIэр гурыIуэгъуэщ: мылъкур уэсэпсу мэкIуэдыж. КIуэдыж зимыIэр къуажэм дэс цIыхуфIхэм я фIыщIагъэращ. Апхуэдэ фIыщIагъэращ къезыгъэлар зеиншэ къабзэу къэна Бибердрэ абы и шынэхъыщIэ цIыкIумрэ. Ар зэи щыгъупщакъым цIыхуфIхэм я нэIэ тету къагъэхъуа, гъуэгу захуэм трагъэува, ирагъэджа Журт Биберд. Езыри ерыщт, гъащIэм и гугъуехьхэм япсыхьати, IэнатIэ хьэлъэхэм щышынэу зэи къикIуэтакъым. Уэ хьэрычэт щIэ, сэ берычэт хэслъхьэнщ, жи Алыхьым. Хьэрычэт щIэным, езымрэ и къуэшымрэ зэрыпсэуным телажьэу, цIыхухэм къытхуащIэм дыкъуэсынщ жимыIэу, я щхьэ зэрагъэпсэужыным псэемыблэжу телэжьа щIалэщIэм Тхьэм гущIэгъу къыхуищIащ: унагъуэ Iуэхури еджэнри зэригъэкIэсыфащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэри апхуэдэущ абы къызэриухар: лэжьащ икIи еджащ.

ЗэрыжысIащи, цIыхуфI куэдым я щIыхуэ къытехуэурэ къэхъуащ Биберд. Ахэр пшыныжын зэрыхуейр къыгуры Iуэрт абы. АрщхьэкIэ… Дауэ? СыткIэ? ФIыщIэмыгъэкIуэд, псэ дахэрэ гу къабзэрэ зиIэ Биберд мылъкушхуэ бгъэдэлъу къыщIокI: абы Алыхьыр зэчийкIэ, талант жыхуаIэмкIэ, къыхуэупсат. Зы мылъкуми пэпщI мыхъун мис а къулеигъэ инымкIэ ипшыныжу щIедзэ къытехуа щIыхухэр. Ар абыкIэ ядогуашэ зеиншэ IэнатIэ хьэлъэм къизышахэм. Абы уахътыншэ ещI и гъунэгъухэр, и къуажэгъухэр, и Iыхьлыхэр, и благъэхэр - зи гулъытэрэ зи фIыгъуэрэ илъэгъуа псори. Ахэращ Журт Биберд и япэ рассказхэм, повестхэм лIыхъужь нэхъыщхьэу хэ тыр. Абыхэм я хьэл-щэнхэм, я дуней тетыкIэм, я щыIэкIэпсэукIэм, я гуапагъэ гъунапкъэншэм къагуэпх мыхъуну езы тхакIуэри яхыдолъагъуэ. Мис ахэр псэуэ яхэтщи аращ Биберд и тхыгъэхэр гъащIэ кIыхь, уахътыншэ зыщIыр.

Журтым и IэдакъэщIэкIхэр зэпкърысхыну сыхуежьамэ, си псалъэр икъукIэ кIыхь хъунт. Сэ апхуэдэ муради сщIакъым. Сызыхуейр илъэс щэ ныкъуэкIэ сыкъызыдэгъуэгурыкIуа, шыгъупIасти здэсшха, пэжыр щхьэ бзыщIын хуей, IуэхутхьэбзитI зыбжанэрэ къысхуэзыщIа, фIы куэди зыдэслъэгъуа си ныбжьэгъур псалъэ гуапэкIэ ар гуэру сигу къэзгъэкIыжыну аращ. Сыту жыпIэмэ, псэ хьэлэл, гу къабзэ зиIэ апхуэдэ цIыху телъыджэ хэр пщыгъупщэ хъунукъым - абыхэм я псэри я сурэтри сыт щыгъуи къытщIыгъущ дэ. Сэ, псалъэм папщIэ, ноби слъагъу хуэдэщ тэмакъкIыхьагъыр, гурбиянагъыр къыщытекIуэхэм деж тIэкIуи сешхыдэу, зышыIэныгъэм хуэзущийуэ щызгъэукIытэкIэ, къызэмыплъыфу зи щхьэр ехьэхауэ щыт Биберд. Ар къыщIэгубжьым щхьэусыгъуэ зэриIэри къызгурыIуэрт - абы хьэрэмыгъэр, бзаджэнаджагъэр игу техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Апхуэдэ щыхуэзэхэм деж зэуэ къэгубжьырт, къызэщIэплъэрти, и пIэм имызэгъэжу хъийм икIырт. Псэ хьэлэлрэ гу пцIанэрэ зиIэ Биберду умыщIэжыну, гум ежэлIэн, къыбжьэдэкIыну емыкIу псалъэхэри кърипхъынти, асыхьэтуи къигъэзэжынт. Ар зэщхьыр кърапэса лейр, къуаншагъэр зигу темыхуэу къыщиуду къэгъ сабий хьэрэмыгъэншэрт. ГушыIэ дахи зыхэлъти, абы езыр-езыури зытригъэужырт, уэри узыдигъэгушыIэрт. ЖыпIэнурамэ, Биберд уригъусэу узэшынутэкъым, ерыскъынши ухъунутэкъым. Абы дэнэ къэли, дэнэ къуажи ныбжьэгъу щикуэдт, хыхьэхэкIышхуи иIэт. Биберд куэдым куэд кърагъэщIэфырт, езыми зым и щIыхуи зытригъахуэртэкъым - цIыхум IуэхутхьэбзэхуэщIэнкIэ нэхъ жумарт, псэемыблэж уигъэлъыхъуэнт. Уэ пщIэращ, уазэрыхущытращ къыпхуащIэжынури къызэрыпхущытыжынури - ар щынэрылъагъут Биберд и дежи. Арат абы ныбжьэгъу щIикуэдри, ар ныбжьэгъухэм щIащымыгъупщэжри. Ар и цIыхугъэмкIи и творчествэмкIи Журт Биберд къилэжьащ.

ТхакIуэхэмрэ студентхэмрэ я зэIущIэ.

Бдзэжьеящэ дызэрыкIуар

ЗЫ МАХУЭ ГУЭРЫМ, шэджагъуэ нэужьхэм деж, Биберд ди лэжьапIэм къыщIохьэ.

- Iуащхьэмахуэ хуэдизу ди «Iуащхьэмахуэ» журналым и пщIэр лъагэ зыщIа си къуэшыжьхэм сэлам фызох! - жи.

- Уи сэламыр къыпIыдо х. Ауэ… ущIэубзэрабзэр зыгуэр къытхуэпхьауэ арагъэнщ - къэгъэтIылъ. Алыхьым и нэфIымрэ ди нэфIымрэ зэрыпщыхуэм, ар уэ къызэрыблэжьым елъытащ уи тхыгъэм и натIэм кърикIуэнур, - и пэщIэкIэ щIэгуфIыкIыу жеIэ Мысачэ Петр.

- Уэлэхьи, арам-тIэ, Биберд, - ди лэжьэгъум дожьу Шэвлокъуэ Петр. Мыдрейхэми ди нэхъыжьхэм закъыкIэрыдгъэхунт?!

- ХьэлIамэ къакIуэмэ, кIэфий нэкIуэжынщ, Журт уар…

- ЦIанлъэ хъужауэ, фыбэлэрыгъамэ фIэщIэцIэфтыжын хьэзыру къэкIуэнущ-тIэ хьэлIамэр, - къыддогушыIэж Биберди. - НэхъыфIу гушыIэмрэ нэхъыфIу бдзэжьей ещэмрэ щызэхэдгъэкIынщ а дыздэкIуэнум.

- Таурыхъ дыщIумыгъэдэIуу…

- Таурыхъ лъэпкъ хэлъкъым. Бдзэжьеящэ фысшэну арагщ.

- Сэ бдзэжьей къыщызубыдыну сфIэфIыр тебэщIэращ. УIэбэрэ къуэлэныр шатэм къыхэплъэфу, - къопсалъэ Мысачэр.

- Ар хъарзынэщ. Ауэ япэ щIыкIэ а… пащIэкIапсэр псым къыхэлъэфын хуейщ. ИтIанэщ шатэм…

- Къытхуэмыубыдрэ, дэ тебэ гъэплъам зидгъэлыгъухьын хуей хъужмэ-щэ?

- А зиунагъуэрэ, бдзэжьей дещэну дыхуэмеймэ, дэ щынэл пщтырым делэжьыхукIэ, бысымхэм бдзэжьейр псым къыхашынущ. Шхуэ япщIэхэлърэ уани ятелъыжу. Зебдзу…

- Къэбгъэжэн фIэкIа хуэмеижу. - Журтыр ауан ещI Мысачэм.

- Уэ узэрыгушыIэрейр псоми дощIэ, ауэ шыпсэ дыщIумыгъэдэIуу…

- Уэли, мышыпсэ! КъалэкIыхь районым щыщ къулыкъущIэ гуэр хэм дыгъуасэ сахуэзати… Iэджэ щIауэ унакIуэркъым жари зыкъысхуагъэгусащ. Псалъэ быдэ сIахащ пщэдейрей зыгъэпсэхугъуэ махуэм дыкIуэу дахуэхьэщIэну.

- Ари хъунщ. Ауэ пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ, нобэрей бзу, жи…

А бзуми куэдрэ къедгъэлъэтыхьакъым - дыщIоKIри япэ щIыкIэ шоферым хъыбар идогъащIэ пщэдджыжь нэхумыщым (Биберд зэрыжиIэмкIэ, жьыуэ уащIэмытаджэмэ, бдзэжьейхэр къызэрехьэжьу Бахъсэн бзэрым къызэрыдэхьеинкIэ шынагъуэ щыIэт) къыIухьэн зэрыхуеймкIэ.

Мысачэ Петя «Псэбыдэ» зыфIища ди машинэжьми ар зезыхуэ Щхьэгъэпсо Маркыси (а цIэр апхуэдэущ зэрыжаIэр Псыгуэнсу щыпсэухэм) дыкъагъэщIэхъуакъым.

ДыгушыIэм дызэрытегъэужурэ, Бахъсэн дынос. Гъуэгум и кIыхьагъри и бгъуагъри пщIэнукъым. А лъэхъэнэм гъэсыныпхъэр хуабжьу зыпэубыдат. Ауэ, зэрыжысIащи, Биберд хыхьэхэкIышхуэ иIэт. Абы къимыгъуэтын, зэфIимыгъэкIын щымыIэу къытщыхъурт, езыми абыкIэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу машинэм йокI. АрщхьэкIэ… ар зыхигъэзагъэркъым бензинтетым: диIэкъым. Биберд фIырыфIкIэ къыпхуикIуэтынт? ЗэрыгъэкIий макъхэр къоIу. Ди ныбжьэгъум и хьэлыр тщIэжырти, сэри сокIри мобыхэм сабгъэдохьэ. Биберд зэфIимыгъэкIыфым сэ сыт хэсщIыхьынт?! Дыжурналистщ, дытхакIуэщ, лэжьыгъэ IуэхукIэ дежьащ, мо пэжхэм а пцIыри щIызогъуж. АрщхьэкIэ, абыи зыри къыщимыкIым, ди ныбжьэгъури къыщысхуIумышыжым, ди зэрызехьэ, кIий макъхэр зигу ирамыхь Шэвлокъуэр ныткIэлъокIуэ.

Зэрыхъуар сщIэркъым, Петя зегъэщхьри йоплъэ Биберди сэри дызыхэмызагъэ матушкэ домбейр зэрыс абгъуэм. Абдеж къэхъуар…

- Петенькэ, дэнэ укъикIа? Сыт ухуейт? - дэ тIури дыкъэзыгъэлъар ди ныбжьэгъу щIалэшхуэм къоубзэрабзэ.

Петри:

- Тетя Мотя, уэра мыр? Дауэ ущыт? Iэджэ щIауэ услъэгъуакъым… Бахъсэн укъэIэпхъуауэ ара? - зэгуэр зэгъунэгъуу щытахэр зэрыгъуэтыжащи, дэ дафIэIуэ хужкъым. Сытми, зы гъэ зы зэман:

- Тетя Мотя, бензин тIэкIу дыхуейуэ арат…

- Дапщэ, Петенькэ, узыхуейр? Бензиныр зэпэубыдащ. Уи ахъшэр иримыкъунуми, итIанэ къызэптыжынщ, нэхъыбэIуэу игъахъуэ. Дагъэри зыщумыгъэгъупщэ. Ари гъуэтыгъуейщ… - дэ щIалэшхуитIыр дыкъыпезыгъэхар зэуэ фIэрафIэ хъуащи, сэ ерагъыу зызэтызоIыгъэ. Ауэ а псор зигу техуэн Журт Биберд къалъхуат, жи.

- ЕIмэ, еI… Дэ дыныщолъэIум уимыIэу жыпIэу дызыхыумыгъэзэгъауэ… Иджы мыбы бензину зыхуейм хуэдизи, дагъэри щIыгъужу, къептыну! Газетхэм устхынщ, тIури фызэкIэрыщIауэ радио «аркъэным» фынезгъэлъэфынщ.

А «мыбыр» дэ димыгъусэу, зы хамэ гуэру къыпщыхъунщ. Тхьэм и шыкурщи, ди Iуэхур хъарзынэу зэфIэкIащ жиIэу гуфIэным и пIэкIэ, цIыху сурэтым имытыжу ар къэзыгъэгубжьар гурыIуэгъуэщ: абгъуэм ис цIыхубзым нэфI-ней зэрехьэ, цIыхур зэхэгъэж ещI. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр, къуаншагъэхэр Биберд игу техуэнутэкъым. Ар зи уэчылыр захуагъэрат.

А псори гурыIуэгъуэт. Ауэ дыздежьам дынэса нэужьи, зэман Iэджэ дэкIыжа нэужьи Биберд и фэм итхам ущIэмыупщIэ. Уи тетя Мотярэ ди ныбжьэгъу Шэвлокъуэ Петррэ зэкIэрыщIауэ уи радио «аркъэным» щебгъэлъэфынур дапщэщ, жытIэурэ. АрщхьэкIэ абдеж гушыIэм гушыIэкIэ къыпэджэжыртэкъым Биберд, абы ищIэрт щыгушыIэпхъэри къыщцыгубжьыпхъэри.

ЕЛГЪЭР Кашиф.

●Футбол

Іэмал гъуэзэджэхэр къагъэсэбэпакъым

«Сатурн» (Мэзкуу область) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:0). Раменскэ. «Сатурн» стадион. Накъыгъэм и 19-м. Цыху 8100-рэ еплъащ.

Судьяхэр Иванов Н., Годубев, Лагун (псори Санкт-Петербург щыщщ).

«Сатурн»: Кински, Гогуа, Шиллэ, Дюрицэ, Половинчук, Есипов (Немов, 39), Игонин, Каряко (Еременко, 46), Чеснаускис, Гьян (Нэхуш, 69), Кириченкэ.

«Спартак-Налшык»: Радич, Евсиков, Шумейкэ, Амисулашвили, Филатов, Мэшыкъуэ, Файзулин (Гвазава, 74), Самсонов (Ланько, 80), Пилипчук, Роденков (Узденов, 69), Рикардэ Хесус.

Топхэр дагъэкІащ Кириченкэ, 48 (1:0). Рикардэ Хесус, 78 (1:1).

Дагъуэ хуащІащ Карякэ, Гогуа, Филатовым, Мэшыкъуэм.

Нэгъабэ Раменскэм щыІэу налшыкдэсхэр 4:1-уэ щытекІуа зэІуІщІэм пащэм хуэдэу, вэсэмахуэрейм и япэ Іыхьэри екІуэкІащ. Джэгум зэрыщІидзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм тепщэныгъэр яубыдащ икІи лъэщуebгъэрыкІуэу хуежьащ. Хэгъэрейхэр апхуэдизу зэхэзехуэн ящІати, щтэІэщтаблэу хэкІыпІэ къалъэлхъуэрт. Ди щІалэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэм щыщ зым «Сатурным» и гъуащхъэхъумэ Дюрицэ топыр я гъуэм дигъэкІыж пэтащ, арщхъэкІэ ар штангэм текуэрыгъэм хущІэкъуащ икІи джэгум кІыщІагъуа ещанэ дакъикъэр щиухым, ар къехъулІэным зымащІэ дыдэщ иЭжар: метринтІ-щыкІэ фІжкІа пэмыжыжьэу и къуэ и къыхэрихькІэ гъуэм еуа хэгъэрейхэм я капитан Игониным топыр зэрыдигъэкІынум щэч къытрихьэртэкъым. Абы зыкъыпэщІидзэри, Радич и гъуэр ихъумэжьыфащ, Аратин, Іэмал гъуэзэджэхэр зэрэ къамыгъэсэбэпыфаруэ лъэныкъуэхэр мамыру зэбгъэдэкІыжащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ нэгъуэщІ командэхэр зэрызэдэджэгуам къаринкІуа бжыгъэхэм: **«Ростов»** (Дон Іус Ростов) - **«Химки»** (Химки) - **1:1, «Спартак»** (Мэзкуу) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **1:2, «Кубань»** (Краснодар) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) **1:1, «Томь»** (Томск) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) -**1:2, «Динамо»** (Мэзкуу) - **«Москва»** (Мэзкуу) - **0:0, «Амкар»** (Пермь) -**ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:1, «Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Рубин»** (Къазань) - **2:1.**

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» накъыгъэм и 26-м иригъэкІуэкІынущ. А маху эм ди щІалэхэм «Ростовыр» кьраугьэблагъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Зэ1ущІэ нэужьым

КРАСНОДАР Іэрщ. «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ: "Джэгукіэфі къагъэлъэгъуащ"

Налшыкдэсхэм я тренерыр зэІущІэм кьрикІуа бжыгъэмкІэ арэзы дыдэ зэуэгъэкым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, текІуэфынуращ ыпэ и, Ауэ щІалэхэм кьагъэльэгъуа джэгукІэм х уабжьу ярпуущхуэрт.

- НОБЗРЕЙ зэІущІэр топ дзэгъэкІыну Іэмал куэд зыщыІэщІэдгъэкІа зэІущІэу жыпІэ хьунущ. КомандитІри хуабжьу хьэлэмэту джэгуащ, псом хуэмыдэу сигу ирихьащ зэІущІэм и япэ Іыхьэр зэредгъэкІуэжІар. Яльэкі ядамыгъанэу ди щІалэхэр текІуэныгъэм хущІэкъуащ, джэгуфІэфі къэрэгъэльэгъуащ.

Топ кьытхудагъэкІа нэужь, тІэкІу нэхъ дыщІэужьыкьуэжащ. Дауэ мыхьэуми, зэІущІэр зэрируа бжыгъэр джэгукІэм хуэфащэщ.

ВАЙСС Владимир.."Сатурным" и тренер нэхъыщхьэ:

"Арэзы сыкъащІакъым"

Хэгъэрейхэм я тренер нэхъыщхьэр зэІущІэ нэужьым хуабжьу гукъыдэжыншэт. Апхуэдизрэ зэрэтемыгъакІуэу ику зэІущІэхэм хигъэунэсысыхьат



- МЫПХУЭДЭ джэгукІэ мыхъумыщІэ къэзыгъэлъэгъуа ди командэм щхьэкІэ си напэр мэс, кьыдэщІэкІэр кьиэзрыгъыгугъыр зэрытхуэмыгъэпэжым папщІэ. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэр Інсраф дыдэ хьуащ, етІуанэри зыкІи нэхъ щІэгъуакьым. Топ дэ дгъэкІыу япэ дища нэужь, ди щІалэхэр къуэвыІэжри, хьэрхуэрэгъуэм бжыгъэр зэхуэдэ ящІыжащ. Ди джэгукІэм я бжыгъэращ хуэфащэр, кІэщІу жыпІэмэ, арэзы сыкъащІакъым.

Зытхыжар
МЭЗКУУ Кьанщобийщ.

Хъарзынэу къыщІадзат

«Сатурн-Д» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - 3:3 (2:2). Бронницы. Центральнэ стадион. Накъыгъэм и 18-м. Цыху 250-рэ еплъащ.

Судьяр Исаев (Воскресенск).

«Сатурн-Д»: Ботвиньев (Солосин, 46), Васильев, Квач, Проньков, Кайтов, Спасский, Сапетэ, Разделкин, Темников, Власов, Лебеденкэ.

«Спартак-Налшык-Д»: Кращенкэ (Щоджэн Б., 46), ХъуакІуэ, Васин, Таукенов, Кисенков (Бэрэгъун, 46), ДыщэкІ, Гетериев, Джэтокъуэ, Дзыхьмыщ1, Попов (Быдз, 46), Узденов (Степанов, 46).

Топхэр дагъэкІащ: ДыщэкІым, 5 (0:1). Узденовым, 10 (0:2). Разделкиным, 13 (1:2). Темниковым, 28 (2:2). Власовым, 48 - пенальтикІэ (3:2). Гетериев, 90+3 (3:3).

Дагъуэ хуащІащ Сапетэ, Щоджэн Б. сымэ.

Командхэр дакьикъипщІ зэдэджэгуауэ арат, «Спартак-Налшык-Д»-р 2:0-у япэ щищам: зэрыгъэ кьыхэжаныкІащ, етхуанэ топыр дзэзыгъэкІыу дублерхэм я зэхьэзэхуэм и гъащІыкьуэ зэхьэзэхуэм яхьыха ДыщэкІ Алъэнрэ Узденов Романрэ.

ФІыуэ апэ зэрищам игъэбэлэрыгъа ди щІалэщІэхэм мыгъэуз бжыгъэр зэхуэдэ кьрагъэщІыжащ. Уеблэмэ етІуанэ Іыхьэм и пэщІэдзэм хэгъэрейхэр апэ ищащ, арщхьэкІэ кІэух бжыгъэр 3:3-м кьытеуывыІащ.

Адрей командхэмэ зи чэзу джэгугъуэр ирагъэкІуэкІащ. Мис ахэр зэриухар: «Ростов-Д» - «Химки-Д» - 1:0, «Спартак-Д» - «Локомотив-Д» - 2:1, «Томь-Д» - «Крылья Советов-Д» - 1:1, «Кубань-Д» - «Луч-Энергия-Д» - 1:1, «Амкар-Д» - ЦСКА-Д - 0:1, «Динамо-Д» - «Москва-Д» - 0:0, «Зенит-Д» - «Рубин-Д» - 0:2.

КЪЭХЪУН Бэч.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Спартак»	10	5	4	1	12-7	19
2. «Зенит»	10	5	4	1	15-10	19
3. ЦСКА	10	4	5	1	16-9	17
4. «Крылья Советов»	10	4	4	2	9-5	16
5. «Локомотив»	10	4	4	2	10-8	16
6. «Москва»	10	4	4	2	8-6	16
7. «Динамо»	10	4	3	3	9-9	15
8. «Химки»	10	3	4	3	8-8	12
9. «Томь»	10	2	5	3	11-12	11
10. «Спартак-Налшык»	10	2	4	4	5-10	10
11. «Кубань»	10	1	7	2	7-8	10
12. «Сатурн»	10	1	7	2	9-11	10
13. «Луч-Энергия»	10	2	3	5	5-10	9
14. «Амкар»	10	1	6	3	9-10	9
15. «Рубин»	10	2	2	6	8-13	8
16. «Ростов»	10	1	5	4	9-14	8

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Спартак»	10	7	1	2	23-10	22
2. ЦСКА	10	6	2	2	15-6	20
3. «Кубань»	10	5	2	3	16-11	17
4. «Рубин»	10	5	2	3	11-8	17
5. «Локомотив»	10	4	4	2	15-13	16
6. «Крылья Советов»	10	4	2	4	11-9	14
7. «Ростов»	10	4	2	4	16-17	14
8. «Амкар»	10	4	1	5	11-13	13
9. «Спартак-Налшык»	10	3	4	3	13-9	13
10. «Сатурн»	10	3	3	4	10-14	12
11. «Томь»	10	2	6	2	7-10	12
12. «Химки»	10	3	2	5	13-17	11
13. «Зенит»	10	2	4	4	10-15	10
14. «Луч-Энергия»	10	2	4	4	4-9	10
15. «Динамо»	10	2	3	5	4-10	9
16. «Москва»	10	2	2	6	6-14	8

МАМЫЩ Салбий Нурбий и къуэр

Уэ хьэлъэм ихьащ Урысей Федерацэм зэушІагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьынынгъэмкІэ и министрым и дэІэпыкьуэгъу Мамыщ Салбий Нурбий и къуэр.

Ар 1939 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м Адыгэйм щыщ Щоджэн районым хьихьэ Хьэкуринэхьэблэ къуажэм кьыщалъхуащ икІи лэжьыгъэ-шхуэхэмкІэ гъэнщІа гъащІэ кьрихьэкІащ. Курыт школымрэ Кубань медицинэ институтымрэ кьиуха нэужь, Адыгеим, Кубаным зэушІагъэр хьумэнымкІэ я ІуэхущапІэхэм я унафэщІу щытащ. 1979 гъэм Салбий Юность санаторэм и докутыр нэхьыщхьэу ягъэуващ. А Іэнатіэм ар зэрыІута илъэс 20-м кьрибыдзу мы Іуэхущапіэм я узынщагъэр щрагъэфІэкІуащ салбий мин 55-м.

1990 гъэм Мамыщ Салбий ягъэуващ тенджызэ ФІыщІэ Іуфэм щыІэ санаторэ хэжа гупымкІэ щІынатІэ управленэм и унафэщІу. А Іэнатіэм абы псом хуэмыдэу Іупщу кьыщингъэлъэгъуащ кьыхэпэщакІуэ Іэзэу, Іэщащэхэл нэсу зэрыщытыр. Абы игъэхьэзырурэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, Федерацэмкіэ Совет Хьэрэм Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм кьыщыхилъхьащ нужькІэ «Курортхэм я Іуэхуі» Законым хагъэхьа Іуэхугъуэ куэд. Апхуэдэу абы зэкІилъхьащ сабийуэ, балигъыпІэ имыува нысьбжыщІэу жьэн уз зыпкъырытхэр зэрагъэхъуж Іэмалхэр, Чернобыль АЭС-м кьыщыхъуа гуэзвэгъуэм и зэран зэкІа щыналъхэм щыпсэу сабийхэм зэрадэІэпыкьупхъэ щыкІэкІэр.

ЕхъулІэныгъэ ин иІэу ар зэушІагъэ Іэнатіэми щыІэжьащ. 1996 гъэм и диссертацэр пхигъэкІри, Мамыщ Салбий медицинэ щІэныгъэхэм я доктор хъуащ. Абы щІэныгъэ лэжьыгъэу 63-рэ и Іэдакъэ кьыщІэкІащ, къэхухагъэфэщащ, «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и докутыр», «Адыгей Республикэм щІыхь зиІэ и докутыр» щІэпащІэкІэ кьыфІащащ.

Дэ хуабжьу ятІуттехьэпащ Адыгеймии зэрыщыту Кубанми кьыщащІыхь, пщІэшхуэ зиІэ щІыху хьэлэмэтыр дунейм зэрехьакІар. Ар нкІуэкІэ гущІыхьэ тщІыхьуауэ дэ дахуогузавэ Салбий и Іыхьэ-пыхэмрэ и благъэхэмрэ. А щІыху гъуэзэджэм и фэеплъыр дэ зэи тщыгъупщэнкым.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академие. Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

●Спорт

ТекІуэныгъэшхуэу и щыхьІэ

Хабзэ хъуауэ ящІэ къэс ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлІэу Нарткъалэ пэмыжыжьэу щыІэ губгъуэм щыгъажэ щокІуэкІ. Мы гъэм зэхъэзэхуащ машинэ псынщІэхэмкІэ къыхэзэгъэнымкІэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и РОСТО ДОСААФ-м, КъБР-м и МВД-м и УВО-м, Нарткъалэ дэт «Эльбрус» техническэ клубым, «Докшукино» производственнэ Іуэхущапіэм.

ЗэхьэзэхуэхэР щекІуэкІащ лъэпощхьэпо кьыхэзэрыгуэкІхэр, ІэрыщІхэр зиІэ губгъуэм. Рулым дэсхэм кьапэщылъат метр 19200-рэ губгъуэгъэнар. КьэзэранэкІын хуей лъэпощхьэпохэр нэхъ гугъуж ищІат уэлбанэщхуэм.

Зэпеуэм хэтар Совет Союзым и зэманым ящІа ЗАЗ, Москвич 412 машинохэрт. Рулым дэсхэм я нэгум иплъагъэрт гукъыдэжрэ гушхуэныгъэрэ, ар абыхэм кьыдаІыгъат уэшх кьыхэзрешхым щхьэкІэ кьамыгъанэу, зэхьэзэхуэм еплъыну кьекІуэлІахэм.

Зэпеуэм и кІалъпплъакІуэ гупым я пашэу щытащ Бекъалды Олег.

Кьыхэдэжэм щытекІуэфынур, щэч хэмылъу, рулыр нэхъ Іэзэу кьэзыгъэІурыщІэрэт, нэхъ хахуэрт. Апхуэдизу кьыщІэкІащ КъБР-м и МВД-м и УВО-м и цІэкІэ зэпеуэм хэта машинэр зезыгъэкІуа ШащІэ Ислъам.

- Нобэрей зэхьэзэхуэр хьэлэмэтым и мызакъуэу, ныбжьыщІэхэм я дежкІэ еш ямыщІэу загъасэуэр текІуэныгъэм зэрыхуэкІуэным и щапхъэщ, - жиІащ «Эльбрус» клубым щІыхь зиІэ и тренер Песегов Анатолий. Зэхьэзэхуэм хэта щІалэхэр зыгъасэри аращ.

СМОРОДА Еленэ.

Дыщэхэкі килограммі 5

аэропортым и тамо жнэ гъунапкъэмкІэ ирихьну хэтар. ХабзэншагъэкІэ кьаша дыщэхэкІхэр килограмми 5 мэхъу.

Минераловодскэ аэропортым УФ-м и УК-м и 188-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуа щІэпхьаджагъэм (контрабандэ) ипкъ иткІэ уголовнэ Іуэху кьиІэтащ. Ар зэхэгъэкІ.

КъБР-м и УФСБ-м и пресс-Іуэхущапіэ.

●Гу зылъытапхъэ

Хъыбар дынгъащІэ!

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм зыхуэгъэхьэзырыным икІи егъэкІуэкІыным зэрыщІидзэм кьыхэкІыу, республикэм и ефэндыгъэ ящІ. Ар зэрыщытыр, ІэрыщІхэр зиІэ губгъуэм, зэхьэзэхуэм еплъыну кьекІуэлІахэм.

Зэпеуэм и кІалъпплъакІуэ гупым я пашэу щытащ Бекъалды Олег.

Кьыхэдэжэм щытекІуэфынур, щэч хэмылъу, рулыр нэхъ Іэзэу кьэзыгъэІурыщІэрэт, нэхъ хахуэрт. Апхуэдизу кьыщІэкІащ КъБР-м и МВД-м и УВО-м и цІэкІэ зэпеуэм хэта машинэр зезыгъэкІуа ШащІэ Ислъам.

- Нобэрей зэхьэзэхуэр хьэлэмэтым и мызакъуэу, ныбжьыщІэхэм я дежкІэ еш ямыщІэу загъасэуэр текІуэныгъэм зэрыхуэкІуэным и щапхъэщ, - жиІащ «Эльбрус» клубым щІыхь зиІэ и тренер Песегов Анатолий. Зэхьэзэхуэм хэта щІалэхэр зыгъасэри аращ.

СМОРОДА Еленэ.

Щыпіэ адміністрацэм щыгъуазэ фещі

Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм щыгъуазэ фещІ балконхэмрэ лоджэхэмрэ чырбыщкІэ, туфкІэ, абыхэм хуэдэ нэгъуэщІ мывэхэмкІэ къэфщІыхь зэрымыхьунум, сыту жыпІэмэ, абы уиІэхэр къегъэтІасхь, уебгъэ ахэр къеуэлыщкІэ хьунущ. Апхуэдизу чырбыщ уиІэхэм панелхэм къыхэщІыкІахэми, зекІуаниІэ ящІыщ щыкІэ, ищхьэгъэкІуэкІэ бжыгъэр хахьы абыхэм я лъабжьэгъэщІауэ хъунукьым, сыту жыпІэмэ абыи уиІэр зэрымыгъэ къегъэтІасхь.

БАЛКОНХЭР, лоджэхэр къефщІэкІыну, абдж хэфлъхьэну хуит зыкъебгъэщІын пащІэ фекІуаІэ Архитектурэмрэ къалэр уХуэныкІэ упрацэхэм. Абы игъэхьэзырауэ иІащ, унэр зыкуэдэ ебгъэтауэ, фотэрхэр зэребгъэфІакІуэу хьуну решит зэмылІэужьыгъуэхэр.

ЩхьэзыфІэфІу балконхэр, лоджэхэр кьизыщІыкІхэр, куутІхэр дзэыдэхэр, пэщхэр зэрыгъэпсыхукІа щІыкІэ зыхьуужхэр administративнэ жэуапым ирашэлІэнущ, кьуанщагъэ зылэжьахэм я фэтрэхэр суд унафэкІэ ящынкІэ хьунущ.

Щыхуэм щыгъасынщІэн пащІэ

Урысей ФМС-м и Управленэу КъБР-м щыкІэм и къудамэхэм, УФ-м и гражданиным и паспортхэр кьыІахьнымрэ зэхъуэкІынымрэ, зегъэтхъынымрэ зыщрагъэтха учетым зыкьрегъэхьажынымрэ пащІа Іуэхугъэ щыхуэхэм щагъэпсынщІэн мурадкІэ, зэрырагъэблагъэ график зэхагъэуващ, ипэкІэ зыщрагъэтх телефонхэр яубыхуащ. Абыхэм ящыщу:

Налшык къалэм - 49-59-07, 96-04-32;
Бахьсэн районым - 2-36-57;
Прохладнэ районым - 4-45-68;
Аруан районым - 2-26-28;
Дзэлыкъуэ районым - 4-10-59;
Майр районым - 2-14-17;
Тэрч районым - 4-16-42;
Шэджэм районым - 4-11-49;
Шэрдж районым - 4-14-97;
Іущхьэмахуэ районым - 4-50-44;
Лэскэн районым - 9-57-72.

Апхуэдэуи щыІэщ дзыхь зрагъэз телефон: 77-77-20.

Урысей ФМС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Зи арэзы ІуэгъуэхэР ирагъэщІэжа

Налшык къалэм и дзэ комиссариатым кьыхэх зи армэ кІуэгъуэ щІалэхэм ящыщу «ВС- категорие зиІэ, «КамАЗ» автомашинэхэм дасыну хуитыныгъэ зиІэ шофэру еджэну хуейкъым.

Мы Іэщ1агъэм Іуэджэхэм пщІэ кьыІахьынукъым. Еджэн щыщІадзэнур мэкъуэуэгъуэм и 1-рщ.

ФыщыщІэупщІэ хъунущ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым и пэщ № 48-м е 44-16-26 телефонымкІэ.

● КъБР-м и МВД-м къет

Дыгъуакіуэхэм санаторэхэм зрапщыт

Милицэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ Налшык и хьэщІэхэм едыгъуа, илъэс 48-рэ зи ныбжь лашынкъейдзсыр.

Н АЛШЫК къалэ и 1-нэ ОВД-м и плъыр частым кьыІэрыхьат «Налшык» санаторэм и пэщэм ящыщ зым сом мин 20 и уасэ сотовэ телефонхэмрэ дыщэкІэхэмрэ зэрыщІахам теухуа хьыбар. ЩІыпІэм кІуа хабзэхъумэхэм щІэпхъаджащІэм и телпъэр яубыхури, щэч хуащІу, яубыдащ Лашынкъей щыщ цІыхухъэр. Кьидыгъуахэр кьыІахьжри, зейхэм Іэрагъэхьожащ. Налшык зыщщізыгъэпсэхукІэм къалэ милицэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ кьыхуащІащ Іуэхур псынщІэу зэрызэфІахам папщІэ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

КъБР-м и МВД-м и пресс-Іуэхущапіэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Щ1ридий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1э Зариф, Жылаес Маритэ, Льостэн Музэ, Уэрдокьуэ Жансурэт, Ныбжь Таисэ, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ЭХЭЩАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ1ЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэумрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабэзмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущапіэхэм я дзэлъэзыныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пысьмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекІуэ зэныту щытыкьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ щІэ дельщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щІыпмкІэ жэуап ещІ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту яТхащ.

КъБР-м ПІщэхэр зэхьаригъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленриным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр - 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Сонre, редактору Хьэжыкъаро Аслан, корректорхэу Афо Тамарэ (*2,4-нэ нап.*), ПхытІыкІ Юрэ (*1,3-нэ нап.*), корректорхэм я дэІныкъуэгъу Кьунаш Залиго. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр щІащ:* Дол Маринэ, ГъуКІэл Рае, *суэртыщІ* Макоевэ Ириндж.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ зэхэт хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.289● Заказ №1504